Dhateng kasenenganipun nalika alit, kala taksih wonten sekolahan andhap Walandi, boten supe, malah saya remen, inggih punika wayang, gangsa, tetabuhan. Inggang dipun karemeni nabuh gangsa, prelu ngemong kanca ingkang remen tetabuhan, sarta njoget, punika manawi ngleresi liburan, Vakansi, piyambakipun sarta pulunanipun dipun ajaraken abdi dalem guru joget ing Ngayoja. Main silat, pencak, lagu punapa kemawon mangretos, sarta saged ngecakaken. Bakunipun remen kerengan, songkolan, ngantemi tiyang, punika kraos marem. Bilih ngantos sawatawis dinten boten kerengan, songkolan, ngantos kraos gerah uyang, kirang saras, klowang-klawung. Kosok wangsulipun manawi mentas kerengan, rumaos saras sanget, carem, marem, kados mentas kalegan, nenedha seger-segeran. Ngantos dados sawung sarayani-pun para kanca, dados tukang kepruk. Saben wonten rame-rame kerengan kumpungan Pacinan, ingkang mangajengi temtu Sang Raja Iman.

Sarehning ing jaman semanten ingkang dados modelipun Sport Gijmnastiek, dados inggih ngudi Gijmnastiek. Suwau Gijmnastiek punika sampun dipun gegulang murid-murid Dokter Jawi, nanging lajeng kaawisan, amargi kathah kasangsaranipun. Bagus Rajiman lajeng nyuwun palilah nggesangi Gijmnastik wau, sarta

piyambakipun ingkang dados panuntunipun, lajeng malah kaparingan guru Gijmnastiek.

Manawi Betawi kadhatengan komidhi, kados ta: Haremston, Circus ingkang mawi tingalan Gijmnastiek, saantukipun ningali, sanadyan sampun dalu Bagus Rajiman lajeng nulat mainipun Gijmnastiek ingkang enggal. Rikala jumenenganipun H.M. de Koningin Wilhelmina, kempalanipun Gijmnastiek para murid Dokter Jawi ngedali wonten ing Kebon Binatang ing Betawi, kaestrenan ing G.G. Bagus Rajiman ingkang dados pangajeng (Voorwerker).

Tandukipun pasrawungan, kekancan, sakalangkung pagemongipun. Saya kaliyan pulunanipun, sanadyan dipun jenggungi, kendel malah nggegugeng kemawon.

Watekipun Sang Raja Iman, kajawi kasenenganipun makaten wau, sregep sinau, gemi dhateng arta, setiti dhateng sawarnining panindak, kasembuh remen momong. Mila dados uyunaning kanca. Tirahaning arta gembolan, dipun celengi, kaenthil-enthil kangge jaga runa bilih wonten prelu punapa-punapa.

Sampun dados kalimrahaning lare, langkung malih para mahasiswa, remen sumyak-sumyak, suka parisuka. Nuju satunggiling dinten, kinten-kinten tanggal sepuh Walandi, kathah ingkang sampun boten nyepeng arta, meksa sami ajak-ajakan sopyan-sopyan. Sang Raja Iman awrat, wangsulanipun, "Digawe ragad apa, wong wis ora padha duwe dhuwit ngene! mBok uwis, jing nrima dhingin." Suleman, pulunanipun (samangke Dokter Mangunhusada) ingkang ndhadhagi, "Hiya aku ragade, kiriman saka bapak wingi." Cekakipun dados sopyan-sopyan, tabuhan, jogedan, nedha, inum-inuman. Sang Raja Iman sampun boten andugi, ngretos watak-wantuning pulunanipun, gampilan, remen sembranan. Sang Raja Iman nuweni celenganipun sampun pecah, nginten ingkang wanuh-wani mendhet temtu namung Sang Suleman, pulunanipun. Wangsul dhateng papan paramen, sajak kempa, kendel kemawon. Sang Pulunan Suleman mangretos, malah sumyak-sumyak lajeng nyelaki, kaliyan pratela mecah celenganipun, kanthi katrangan ngiras ngolok-olok anggenipun gemi ingkang paman. Tembungipun, "Urip iku prelune ora mung nyelengi, urip iku seneng, mbabar, mbuwang." Sang Raja Iman kendel kemawon, malah

mesem kecut, ing batos kepranan pitebunganipun sang pulunan.

Saking temen-temening manah sinartan ing tindak, sregep ing damel, tlatos remen sinau, kasembuh lantip, limpat pasanging grait, gangsar pasinonipun, boten nate boten minggah, temtu minggahipun, ngantos tamat pasinaonipun ing Pamulangan Dokter Jawi, nuju tanggal kaping 22 wulan Desember, surya sangkalaning warsa: Ngesthi Terus Murtining Bumi, 1898.

Boten dangu, namung antawisipun ticalikuran dinten lajeng katetepaken dados Dokter Jawi wonten ing nagari Betawi. Kabebahan bab prakawis potongan, amarengi tanggal kaping 14, wulan Januari 1899, surya sangkalaning warsa: Trus Gapura Murtining Jagad. Padamelanipun sae, dados pangaleman. Tindak tandukipun wonten ing bebrayan, pasrawungan, angremenaken, gampilan, andhap asor, legawa, saged nuju prana. Mila kathah ingkang sami remen.

4. NGRAOSAKEN LEBET BAB GESANG, TANSAH NANDHANG REKAOS

Sampun dados kalimrahang agesang manawi jejodhoan. Mila sareng sampun sakinten diwasa, lajeng wonten panantun palakrama, supados prayogi panggesanganipun, saged tata, tentrem, boten mulatengi, kekathahen pamanahan, ngambra-ambra. Panantun palakrama wau gadhah raos awarni pameksa.

Ngraosaken larasan makaten wau, Dokter Rajiman karaos-raos, rumaos katotog pamanahan awrat. Tuwuh panggarjitanipun, "*Abot temen lelakoning urip.*" Tuwuh malih raos pangraos ingkang sinimpen telenging batos, "*Urip iku apa, kepriye pratitis-ing trap-trapane.*" Saya sareng wonten dhawuhipun ingkang raka, Dokter Sudirahusada, bilih sampun kasuwunaken momongan putrinipun prayagung luhur ing Ngayogya, mrayogekaken lajeng dipun lampahi. Ingkang rama piyambak ugi ngendika, sampun pirembagan bab sesemahan kaliyan sadherek sudagar ing Surakarta. Sampun dados pirembagipun, amargi kajawi sampun rujuk kawontenanipun ingkang rama kaliyan badhe males kasaenan. Sampun temtu kemawon rembag-rembag makaten wau saya notog

sanget dhateng raos-pangraosipun Dokter Rajiman. Kalangkung awrat sanget anggenipun ngraosaken, pundi ingkang kedah dipun lampahi. Miturut ingkang raka punapa miturut ingkang rama. Kalih-kalihipun sami pikangsalipun tumrap lelampahaning gesang kelairan. Namung lajeng nama kedayan ing kawontenan kemawon. Nir daya kirang cetha jejer ing gesangipun piyambak. Mila dhawuhipun ingkang rama, sarta dhawuhipun ingkang raka bab sesemahan wau, boten dipun tampi sadaya. Badhe madosi, ngraosaken jejer, sarta kawontenaning gesang, punika kados pundi.

Sarehning kawontenaning gesang punika ing semu miturut kawujudanipun punika gadhah jejer piyambak-piyambak, mila badhe ngyektosaken kawontenan wau miturut jejeripun: Mribadi. Nurut sasekecanipun raos-pangraosipun piyambak. *Urip iku seneng, mbabar kahanan warna-warna.*

Awit saking dhadhasaraning raos saweg makaten punika, mila tindakipun ingkang kathah, saweg anglantur kasenengan. Miturut pangandikanipun Dokter Rajiman piyambak, pinten-pinten: MA, punika kathah ingkang dipun lampahi, nanging kaliyan karaosaken lebet: bebeya, pituna, utawi pigunanipun, ngantos saged cetha. Adhakanipun pancen dados bebaya, sambe-kalaning agesang. Dados kapathokan sirik. Punika layak kemawon. Bobotipun karaosaken lebet, meksa karaos, boten angsal pamarem saking nglantur kasenengan kemawon. Malah ura dhateng pamanahan, kerep ura-uru. Bab sesemahan, lajeng pados piyambak ingkang dipun jodhoni.

Dene ingkang taksih tumanem lebet dhateng ing raos bab rekaosing lelampahan ingkang kasandhang ing gesang. Mila tansah kumanthil ing raos dados pitakenan: *Gesang punika punapa, Pratitising patrap lelampahaning gesang, punika kados pundi.* Rumaos dereng saged narbuka cangkrimaning raos makaten wau ingkang ngantos marem. Rehning dhedhasaraning dereng guma-thok, mila cak-cakanipun anggening matrapaken lampahing gesang, tindak-tandukipun, inggih saweg miturut dhateng dhasaraning raos ingkang dados paugeran nalika nindakaken bab wau.

5. PINDHAH-PINDHAH PANGGENAN, TAKSIH NGRAOSAKEN LEBET, REKAOSIPUN LELAMPAHANING GESANG

Tumindak ing pandamelan, dados pangaleman. Saya pasrawunganipun sae, sumrambah, dhateng sinten kemawon, kathah kasaenanipun, kathah ingkang sami remen, sih tresna, rumaos kapotangan kasaenan, saking enthengan lan gampilan. Inggang tansah tumanem ing raos namung bab rekaosipun lelampahaning gesang.

Saking Betawi kapindhah dhateng Banyumas, lajeng pindhah dhateng Semarang. Bebahanipun inggih motong malih (Chirurgische afdeling). Wiwit tepang kaliyan R. *Prawiraharja*, kandhidhat guru. Jalaranipun tepang, saking sakit dipun jampeni, kaupakara sae sabarang-barangipun. Awit kala semanten kandhidhat guru punika blanjaipun sakedhik sanget. R. *Prawiraharja* rumaos kapotangan ageng sanget. Boten saged sah sinauran bandha-donya, lajeng dados mitra darma sakalangkung supeket. Dangu-dangu dados sadherek sinarawedi. Ngantos lajeng manggen nunggil sagriya. Saged gegosokan bajongan kawruh warni-warni. Bab basa, sarta kawruh jejer ing gesang, salong larasan Teosopi.

Miturut cariyosipun Raden *Prawiraharja*, nalika tetunggilan punika, Dokter Rajiman saweg brangta larasan pangudining kawruh *cara Kilenan* sarta angraosaken larasaning Teosopi sawatawis.

Lajeng kapindhah dhateng *Madiun*, nunggil malih kaliyan R. *Prawiraharja*. Wonten ing ngriku tuwuh malih raosipun rekaosing gesang. Malah saya sanget. Kawewahan pawartos bengganging pasedherekanipun ingkang rama kaliyan ingkang raka. Dokter Wahidin, bab sesemahanipun Dokter Rajiman. Tembenipun saged supeket malih.

Kawontenan makaten punika ugi mitulungi dhateng jejer ing gesangipun Dokter Rajiman boten mituruti pitedahipun ingkang rama sarta ingkang raka. Mila lajeng emah-emah saking kajengipun piyambak, kanthi pandugi mbokmanawi bab nalar salaki-rabi lajeng sirep Wasana kadadosanipun kados ing nginggil wau,

kawewahan ribedipun.

Dene anggenipun emah-emah piyambak boten nentremaken anggenipun gegriya. Amargi kirang supeketipun bojo kaliyan tiyang sepuh estri, ingkang ing wekdal semanten wonten ing Madiun tunggil sagriya. Saking pepet puteking manah, mangka srananing anggenipun badhe angicali raos ingkang makaten punika kanthi nindakaken sakathahing: MA, temtu kemawon tanpa daya. Dados gelenging manah wekdal punika kados-kados ingkang saged angluware raos punika wau namung anyupet lelampahanipun, nganyut jiwa. Namung kapalang ing raos, dene nyumerapi embokipun. Kawewahan ribed malih, Dokter Rajiman putung baunipun kiwa, amargi tumpakanipun tumbukan kaliyan kreta sanes. Salebetipun taksih sakit, antawisipun tigang dinten lajeng pisahan kaliyan bojonipun. Manawi kalaras saking sepenipun piwulang agami ing kala alitipun, dados petenging manahipun Dokter Rajiman punika boten aneh, dene tanpa cepengan (gandhulan). Mila namung cipta badhe nyupet lelampahan nganyut jiwa.

6. WIWIT KAWENGAN NGUDI KABATOSAN

Lelampahan makaten wau nuwuhaken raos-pangraos, manawi kawontenan, lelampahan ingkang kasandhang punika sambet kaliyan pakarti wataking gesang, sarana pandamel saking rumagangipun pirantosing gesang. Awit saking punika saya nesegaken pangungsed: *Gesang punika punapa*, sarta kadospundi patitising pamatrapipun, ngantos kawenganing raos: *Jejering gesang punika dede kawontenan kawujudan*. Sadaya wau namung kridhaning gesang, ayang-ayangan, babaraning gesang. Lajeng rembagan kaliyan kirmister Madiun, mitranipun: anggeguru ngelmi sepuh dhateng pangulu Nglames, wewengkon Madiun, nama Kyai Burham. Wiridanipun larasan agami, memper suluk sarta wirid. Ragi saged mengakaken pepeting manah sawatawis. Nanging rumaos dereng cumeplong; kalajengaken pangungsedipun.

Pinuju kala semanten tampi buku alit, bab Vrijmetselelij, isinipun nggugah manahipun Dokter Rajiman, ingkang taksih angudi: *Urip punika punapa sarta punapa prehunipun*. Ugi ing


wekdal punika Dokter Rajiman nyinau Philosophie, sagadukipun saha sakoberipun.

Dokter Rajiman pitepangan kaliyan Tuwan Hinlopen Laberton, golongan Teosopi, sarta asring rembagan bab kawontenaning Gesang, rekaosing panandhang. Angsal ular-ular katrangan miturut larasaning kawruh Teosopi. Gesang punika langgeng, ngangge prabot badan wadhag, sarta badan alus. Jejering manungsa punika Gesang ingkang ngrasuk pirantos. Utawi badan alus sanget. Katembungaken: *Atma, Budi, Manas*, Utawi Gesang ngrasuk badan cahya (pepadhang, budi), sarta pamikir. Sanesipun badan wau, kalebet paranganing badan wadhag, sami rusak miturut kalamangsanipun piyambak-piyambak. *Atma, budi, manas, ingkang dados jejering manungsa punika langgeng, makarti, nanem, sarta ngundhuh wohing pandamelipun. Badanipun wadhag, badan rangkep, badan pangraos, tuwin badan pamikir asor, punika ingkang risak, sontan-santun, miturut jejering pakarti, pangesthi, lan kawontenipun. Makaten kawontenaning panandhang, saking pakartinipun manungsa piyambak. Lajeng dados pepasthen. Cocog kaliyan wewaton ingkang katembungaken: Sapa nandur, bakal ngundhuh.*

7. KAPINDHAH DHATENG BETAWI DADOS PEMBANTU GURU (ASISTEN LERAR)

Saking Madiun, kapindhah dhateng Betawi dados pembantu Guru Sekolahan Dokter, kaliyan nglajengaken pasinaon ngangkah sesebutan: titel Inlandsche Arts. Saking temen-temen ing pambudi, saged kaleksanan lulus pendadaranipun Dokter India, Ind. arts wau. Anggenipun dados Pembantu Guru cekap, Cakep kapitados ing Guru Ageng, utawi Mahaguru.

Wiwit saking Madiun, pindhah ing Betawi, salajengipun dumugi samangke, punika sampun kuwijen kawruh kabatosan larasan Jawi. Sarta lajeng kapardi kaparsudi sayektos ngantos lebet, kalaras kaliyan kawruh kabatosan, kasuksman lan sanes-sanesipun. Dokter Rajiman ugi tumut marsudi sarta dados warga pakempalan Teosopi. Menggah tujuaning Pakempalan Teosopi punika: 1. pasadherekaning kamanungsan, sih-sinihan



Gambar lirikan ngandhap ingkang sami lenggah, saking kiwa angka: 5, saking tengen mangiwa angka 7, punika Dokter Rajiman, nalika dados Pembantu Guru Pawiyatan Dokter. Sanesipun para siswa.

2. nyinau sawarnining agami, saged mangretos dhedhasaran, sarta wosipun,
3. sageda anggegesang, sarta migunakaken daya kawasaning Gesang ingkang taksih ginaib, kangge sarana mangun karahayon.

Sanadyan boten katemtokaken ing pranantan boten kenging nedha daging, kathah para warganing Pakempalan Teosopi ingkang ngulinaken cecega, sesirih, boten nedha ulam ambegan, namung nedha kuluban kemawon. Ngantos kalimrah dados panganggep ing akathah, Pakempalan Teosopi punika dhedhasaripun boten nedha ulam ambegan, namung nedha bangsaning kuluban.

Sayektosipun makaten wau lampah limrah ngleluri pusaka Jawi: *Cegah dhahar guling*, ngengirangi nedha lan tilem, mangreh hawa nafsu, prihatos. Mamangun marta martani, rahayuning dumadi, sapiturutipun ingkang kawarsita, kawarahaken ing serat-serat Jawi.

Dokter Rajiman ugi nglampahi cecega makaten wau, sarta madosi wewadosipun. Kados pundi dene cegah nedha lan tilem, tuwin prihatos punika asring saged ambabaraken daya kawasa gaib.

Dene Kawruh Teosopi ingkang saged damel pajaring pepetengipun Dokter Rajiman sawatawis, inggih punika bab tumibal lairipun jiwaning manungsa (Reincarnatie), kabekta saking pakaryanipun piyambak (Karma).

Ing wekdal punika Dokter Rajiman angsal pitepangan kaliyan Nyonya Zehenter, kaliyan Tuwan Warstadt, sesarengan ngudi Spiritisme. Prasasat saben malem Minggu pakempalanipun nindakaken "Sceans". Ingkang dados Medium nyonyah punika wau.

Sawijining Seans ameca manawi bojonipun Dokter Rajiman (kala semanten sampun emah-emah malih kaliyan lare Betawi) badhe gadhah anak wonten ing Lawang, medal estri supados dipun namakaken *Setyawati*.

8. KAPINDHAH DHATENG SRAGEN

Antawisipun taun surya 1904-1905 Dokter Rajiman kapindhah dhateng kitha Sragen, bawah Dalem ing nagari Surakarta

Hadiningrat, taksih suwita ing Kangjeng Gupermen. Nalika semanten saweg berag-beragipun ing kawruh Teosopi, kasembuh sampun geget raos-raos larasan Jawi, dhedhasar wekel ing damel, sregep mardi marsudi ingkang dados pangesthi, cakep cekaping wajib, sumarambah ing akathah, kaliyan netepi tumindak ing wajib, nyambi nglebeti dhateng padhusunan, sarta pakampungan, boten ngetang rakaos lan awrat.

Tandukipun ngentengaken pitulungan, kababar dhateng sadhengah. Sampun malih dhateng sadherek ingkang sekeng, sanadyan dhateng para sadherek sugih, punapa dene kacekapan, bangsa punapa kemawon, manawi boten prelu sanget, boten nate ngrekening prabeya tumindak ing kadokteran. Mangka tumindakipun kangge gampil, entheng nindakaken pitulungan, dhedhasar sih-sutresna saestu, sampun layak kemawon tuwuhing sih sutresnanipun para sadherek, bangsa punapa kemawon, lajeng enggal ndados. Asmanipun Dokter Rajiman lajeng misuwur sae. Kathah ingkang sami tresna asih saestu.

Boten namung bagean andhap ingkang asring kabaran kadamaning panggalih tampi pitulungan panindaking kadokteran, para tuwan-tuwan, para pangageng Jawi, para tuwan-tuwan Siyansing kathah ingkang sami sih-sutresna gulet guyub katetangi ing raos dhateng rehing karahayon, kajatening Gesang, marsudi kautaman, sarana kagunan kabudayanipun piyambak, ngangkah prasetyanipun dhateng pakempalan Teosopi ingkang angger-anggeripun satunggal: Pasedherekaning kamanungsan.

Nalika semanten ing Sragen saweg misuwur mardi kakawin, gendhing-gendhing, miwah raos Jawi. Ingkang jumeneng bupati, K.R.T Sumanagara, mantu G.B.K.P.H. Kusumadiningrat. Kliwonipun: Sitawadanan. Mantrnipun kabupaten saking Surakarta, Citra handayan (suwau jajar Sarageni nama Ki Yudananggeni, lajeng pindah dhateng Pangreh Praja wiwit pangkat alit), ingkang lajeng jumeneng Bupati Pulisi Klaten, lajeng kapindhah dhateng Bayalali. Misuwur remenipun ngayomi kawula alit. Kapensiun, lajeng dedalem ing Sragen, dumugi seda.

Nalika Dokter Rajiman wonten ing Sragen, kala semanten lajeng ngedegaken pakempalan pasrasehan, nama: "Wedha Sanja-

ya". Pikajengipun: dadosa paugeraning pepadhang, ngrembag kawruh sarta raos Jawi. Ngantos kawentar ing Sragen dados kedhunging para gamben marsudi raos Jawi. Amargi kala semanten dereng patos kathah pakempalan.

Kajawi tumut Pakempalan Wedha Sanjaya, Dokter Rajiman ugi tumut angramekaken Pekempalan Teosopi ing Surakarta.

Nalika semanten nagari ing Praja Dalem Surakarta betah Dokter malih. Dokteripun Walandi taksih Tuwan Eman. Dokter Rajiman kaaturaken, ingkang jumeneng Papatih Dalem, Kangjeng Raden Adipati Sasradiningrat kaping IV, peparab Kangjeng Ngendraprastha.

Saweg karembag, Dokter Rajiman kapindhah dhateng ing Lawang. Andadosaken awrating manahipun para sadherek ingkang sami sih sutresna, kapisah kaliyan mitra darma prasasat sadherek sinarawedi. Dokter Rajiman bebeja: badhe tetunggilan malih. Pitembungan makaten wau, sakawit namung dados pangaremarem. Wusana kenyataan saestu.

9. KAPINDHAH DHATENG LAWANG

Kapindhah dhateng Lawang punika dados Dokter wonten ing griya sakit ewah. Nanging namung sadasa wulanan, saged niti, sarta nenangi serenging pangudi dhateng kawruh kasuksman (Psykologi) tuwin nglajengaken marsudi kawruh Teosopi babagan kebatosan, Okultis, bab ingkang gaib-gaib lan samar, mlebet ing golongan Hesoteris. Pamarsudi gaib, remen anglampahi sesirih, boten nedha ulam ambegan (Vegetaris) sarta sanesipun. Saweg bareg, berag, ambabrag. Saselaning wajib, remen nenepi. Damel papan ing sacelaking griya sakit ing Sumber Porong, Lawang; wonten perenging redi urutipun redi Tengger ngongkang lepen. Apatrap, ngeneng ngeningaken cipta, saged nyatakaken wecanipun Medium ing Betawi kalih taunan kepengker. Sarta asring-asring sesorah Teosopi dhateng ing Surabaya ing kalanganipun para tuwan Walandi mawi basa Walandi. Labet panyuraosipun resik oncek-onceanipun, lajeng saya katingal asmanipun.

Salebetipun wonten ing Lawang sadasa wulanan punika tan-



Gambar sisih tengen ngadeg, punika dokter Rajiman, estri ingkang lenggah punika semahipun, lare alit ing tengah punika ingkang putra patutanipun nama Rara Setyawati.

sah seseratan anglajengaken rembag pasuwitan ing praja Dalem Surakarta Hadiningrat, ngantos rampung pangrembagipun. Kadadosan suwita wonten ing Praja Dalem, kraton Surakarta, amarengi kaping 26 Agustus 1906, kapangkat Mantri Nayaka Jawi golongan Kabupaten Panumping, nama Mas Ngabehi Dokter Mangunhusada, kaparingan gadhuhan sabin gangsal jung. Pamedalipun setengah taun wolung atus, katambahan blanja wulanan f50,-. Sarenganipun kala semanten Dokter Sukarja, ugi kapangkat Mantri Nayaka Lebet golongan Kabupaten Gedhong Tengen nama Mas Ngabehi Dokter Wiryahusada. Dokter kalih wau majibi Abdi Dalem Lurah, Bekel jajar mangandhap. Tumrap Abdi Dalem: Ranga, Demang, Mantri, minggah; dokteripun: Tuwan Dokter Hijmans van Anrooij, mawi kaparingan jampi, nanging taksih kaangge awis. Tumrap lurah, bekel jajar mangandhap wau bab jampinipun taksih tumbas piyambak.

10. WONTEN ING SURAKARTA HADININGRAT

Tumindakipun nyambut damel, mujudaken cetha ingkang katembungaken anetepi wajibing gesang, sregep sarta tetepipun dhateng wanci, ngantos kados wataking kodrat, prasasat boten nate ewah, (kaca 29), nyambut damel enjing punika ngantos kalih rambahan, terkadhang kaping tiga.

Enjang umun-umun, babasan tangi tilem gregah, sampun nyambut damel. Sarampungipun, lajeng mlebet ing dalem, mbokmanawi wedangan sakedhap, medal malih nyambut damel, njampeni, sarta ngresepi. Boten namung ingkang kawajibaken: ranga, demang, panewu mantri minggah, dalah ingkang sanes kawula dalem, ingkang leresipun dhateng dokteran Walandi, utawi dokter sanesipun, sareng Mangunhusada wonten, kamirengan sae tumindakipun, sarta kathah ingkang jodho, ngantos kawartosaken asring mawi ngecakaken daya kekiyatan gaib, kathah ingkang kapilayu, prasasat ngoregaken Surakarta. Kathah sanget ingkang nedha tulung njampekaken. Ngantos kados pasar tumawon. Kula piyambak nglampahi prasasat saben enjang, anjampekaken mripat. Ngantos raga siyang saweg rampung. Lajeng mlebet malih. Medal



**Dokter Rajiman nalika wiwit wonten ing Surakarta, nama: Mas Ngabehi
Dokter Mangunhusada.**

sampun dandos badhe puter. Terkadang taksih wonten ingkang dhateng sawatawis. Ugi lajeng kapitulungan.

Sarampungipun lajeng puter numpak dhokar, sairip cिकar ing tanah pesisir. Terkadang ngusiri piyambak. Manawi boten ngusiri, temtu maos serat-serat, apesipun serat kabar. Boten wonten wanci ingkang boten kapigunakaken kangge tumandang damel, kajawi ngaso, tilem; ewadene maksa kapigunakaken kangge nglelantih matrapaken eneng eninging manah. Ingkang lerem saestu namung badanipun wadhag, raos-pangraos, pamikir terkadang budinipun, utawi cipta, ripta, rasa, karsanipun meksa rumagang wonten ing alam gaib. Makaten wau, bilih ingkang sampun ngalami, tumrap kabetahan ngasokaken badan wadhag pangreksaning kasarasan, sampun langkung nyekapi. Manawi kaleresan, badan otot bayu balung sungsum saged tuntum karaos seger saras, manah ayem tentrem, carem marem, ngantos anjalari tanduking tumindak saged pratitis. Makaten kawontenanipun ingkang katingal ing akathah nalika wonten ing Surakarta wiwitan.

11. KAMAYARANIPUN ABDI DALEM, WONTENIPUN KAGUNGAN DALEM PANTIROGA

Wiwit wonten ing Surakarta Dokter Rajiman Mangunhusada kaparingan manggen griya ngiras poliklinik ing kampung Kapatihan Wetan, ngajeng Reksaprajan, ingkang tembenipun lajeng kadaleman, kasebut Wedyadiningratan ngantos samangke.

Wonten Kapatihan Wetan ngantos dangu. Lajeng kadhawuhan pindhah mblabagi wonten ing kampung Panumping sakilen seksi polisi Mangunjayan samangke. Nanging saben dinten, manawi perlu malah enjing-sonten, botenipun enjing temtu taksih dhateng poliklinik ing kampung Kapatihan wau. Awit saya kathah ingkang dhateng.

Kala semanten lajeng wonten ada-ada, murih sami enthengipun, kathah para abdi dalem ingkang asring dhateng poliklinik, saben wulan urunan sakadaripun kangge tumbasan jampi. Awit abdi dalem lurah mangandhap, dumugi kawula dalem, punika ing pamanah kirang kuwawi katemtokaken tumbas jampi piyambak. Inggih wonten ingkang saged, nanging namung satunggal kalih.

Mila ada-ada kados dene pakempalan angwontenaken urunan tumbasan jampi, punika kathah ingkang condhong tumut. Tumindak ngantos sawatawis. Lajeng kamirengan suwargi Kangjeng Raden Adipati Sasradiningrat ing Ngendraprastha, nagari ugi paring urunan. Dangu-dangu Dokter Rajiman Mangunhusada mrayogekaken, urunan saking para mbetahaken wau kasuwak, mligi saking nagari kemawon. Murih mayaring wragad, karembag kaliyan apoteker Akunus, saged kacondhongan.

Dangu-dangu saya ageng. Dhasar tumrap praja ing karaton dalem Surakarta ugi perlu ngwontenaken pangreksaning kasarasan. Lajeng wiwit ngrembag angwontenaken *Pantiroga*. Rembag sekawit badhe wonten ing Jebres, ingkang samangke lajeng dados griya sakit Zending. Nanging kala semanten boten kedadosan. Amargi angsalipun toya taksih rekaos. Pamrayoginipun Dokter Rajiman Mangunhusada: Perlu angsal papan celak toya. Nagari lajeng mundhut tumbas griya loji sapapanipun ing kampung *Kadipala*, kadadosaken *Pantiroga* dumugi samangke punika. Mengkera-ken lepen, sumur-sumur cethek. Sakawit namung griya loji satunggal. Lajeng ngelar-ngelar saya ageng dumugi samangke. Semunipun taksih badhe kaagengaken malih. Pinuji kaleksanan.

12. BETAH SAGED TEMBUNG JAWI

Namanipun Dokter Rajiman Mangunhusada, saya jembar tebanipun, wonten ing golongan punpa kemawon. Saya wonten ing Kajawen, ngandhap, nginggil, ageng alit sawung. Awit saking punika, karaos betah saged tembung Jawi. Perlu sageda nggampilaken tumindak ing kuwajiban kadokteran.

Awit rumaos cingkrang sanget, mangka ugi betah sanget, nanging boten saged angsal pasinaon sayektos. Kajawi rekaos angsalipun guru tembung Jawi ingkang saged mulang saselaning wajib. Ing pangangkah sageda sampun ngantos nilar wajib. Mangka wajib kadokteran, kaangkah dipun tetepi, prasasat tanpa sela, saben wanci isi. Langkung malih manawi mangsa sesakit. Rinten dalu dipun gobyagi ndhatengi para sakit ingkang mbetahaken. Pepun-toning manah sinau piyambak, ngangkah ngathahaken maos serat-serat Jawi. Kenging katindakaken sawanci-wanci saselanipun


njamperi. Mila manawi ngleresi boten nindakaken wajib, kenging katemtokaken maos warni-warni. Prasasat boten nate nganggur. Sadaya wanci kapigunakaken. Mila serat-serat Jawi ingkang perlu-perlu kathah ingkang kasrambah kawaos.

Ingang mranani panggalhipun dipun pethiki kaapalaken kacakup raosipun. Mila kathah ingkang asring gumun, dene ngantos nglangkungi para marsudi. Bobotipun boten nate ngambah pasinaon Basa Jawi, sagedipun nyakup nyakep raosipun serat-serat Jawi ngantos saged nyaring pathinipun.

Wiwitanipun ingkang kangge sinau *Serat Harjuna Sasrabau*. Pancenipun ingkang badhe kasinau, jarwa tegesing pitembunganipun. Wusana mrangguli suraos ingkang mranani panggalih. Kalajengaken, nelasaken cecriyosanipun, sarta niti sesanggitaning cariyos, dalah ros-suraosipun, ngantos tamat. Tegesing pitembungan, miwah jarwanipun namung samben. Mila dhateng pitembungan Jawi, taksih rumaos kathah kacingkranganipun Nanging inggih sampun lowung. Langkung malih dhateng raos-suraosing cariyos, pathining serat-serat Jawi, ingkang gegayutan kabatosan, kamanungsan, kasuksman, kajiwan, jejering gesang, punika kacakup kacakep sadaya.

Menggah isining Serat Harjuna Sasra ingkang mranani panggalih wau bab ginemipun Patih Prahastha kaliyan Prabu Rahwana ratu pulunanipun, sakasoripun kaliyan Prabu Harjuna Sasra kanggedheg rodaning kareta titihanipun. Mangka sawau sampun kinawasa, kinarilan ing dewa saking tapa bratanipun, kawenangaken menang kaliyan sadaya titah. Wusana nemahi kasor kawirang-wirangken kangge pangewan-ewan kaseret kareta. Lejeng kawelehaken ingkang paman Patih Prahastha. Pitembunganipun makaten :

Sang Prabu Harjuna Sasra,
gedheg tan arsa nauri,
ature Patih Prahastha,
Mila marase tan sipi,
anarka den pateni.
Nanging kebatinanipun,
"Iki ratu utama,



lan ingsun wus angaturi
nuwunaken apura ing Dasamuka

Sayekti lamun apura,
ing dosa ratu utami."

Sigra noleh Dasamuka,
prahastha Rekyana Patih,

"Lah ta pundi kang sisip,
gyan kawula darbe atur,

sampun wani nglawan prang,
lawan Prabu Maespati.

Pan ing mangke tan wonten luput sakecap.

Sira ratu punggung mudha,

tan amrih tepa palupi,

mring ratu kang guna tama,

patitis prawira sekti.

Sang Prabu Maespati,

tetep prawira dinya nung,

nora pantes den mengsah,

kiñawulan pantes yekti,

Malah-malah katuladana prawira.

Ngamungaken ciya-ciya,

ngandelaken sihing *uni*,

ing Sang Hyang Jagad Pratingkah,

mangsa kenaa tinagih,

ala kalawan becik,

MUNG AWAK DHEWE KANG MANDUM,

hiya ingkang rumeksa,

sanadyan wus wahyu uni,

LAMUN ALA TINGKAHE WAHYUNE SIRNA.

Menggah ing raos-suraosipun, ing panglaras: prelu ajejeraken Gesangipun sejati piyambak. Wahyu, kasekten punika sagedipun dados, sarana pangreksa karaharjaning bawana. Perlu linambaran rahayu. Sanajan mandra guna, sura sekti, digdaya, prawira ing yuda, winahyu, nanging manawi watak-tindak-tandukipun awon, ngrisakaken Bawana, wahyunipun lajeng ical, guna sektinipun boten dados. Lajeng nemahi apes kados Sang Dasamuka.

Asring dados pitakenan, Ingkang Maha Kawasa, Dewa, Iswara sapanunggilanipun, manawi wonten ingkang mesu puja brata, nyuwun sekti mantra mandra guna, nadya kasuwun saged ngasoraken Hyang Wisesa pisan, tentu dipun pituruti. Menggah terangipun, Hyang Wisesa, Ingkang Winenang, punika peparangipun punapa-punapa, tandukipun beda kaliyan jalma manungsa, sarana lung-lungan tangan. Sayektosipun namung netepi kawasanipun wau sarwa-sarwi maringi. Ingkang dados baku jejeripun, punika pribadinipun piyambak-piyambak, punapa pangesthinipun, sapinten kadayanipun, temtu kaleksanan, dipun turuti. Sinamun ing semu katembungaken: Awon sae, punika saking pribadinipun piyambak, ingkang andum, ingkang rumeksa. Wusana namung kasumanggakaken.

13. SINAU KADOKTERAN INGGIL

Awit saking temen, tumemen nindakaken wajib, mesu brata, sesirih, prihatos, mantheng pangesthinipun, saya dangu saya misuwur, pengpengan. Sumrambah ing sadhengah bangsa, golongan, kathah ingkang nganggep, kedhep, madhep, ngantos dados kembang lambe sae.

Nalika semanten Surakarta saweg rame ngrembag Quran Jawi damelanipun ngulama *Kyai Bagus Ngarpah*, ingkang dipun adani para marsudi kanamakaken *Pakempalan Wara Darma*. Suwdu namung karembag wonten serat kabar Jawi, ingkang nukarta pensiunan jaksa nama: Suleman. Wangsul-wangsulan ngantos dados rembag ageng-agengan. Dipun ajangi wonten ing Habipraya, dipun dhatengi bangsa, golongan warni-warni, jejel uyel-uyelan, pepet-pipit bentet dumugi radinan ageng.

Kala semanten Quran kasantunan basa sanes punika raosipun taksih kathah ingkang dereng rila. Bagus Ngarpah kawastanan ngewahi. Mangka Quran kajawekaken, kalandekaken, punika sampun wonten dangu. Nanging meksa wonten raos sajak seling serap. Rembagipun Raden Mas Jaksa Suleman kathah-kathah, semu sereng. Bagus Ngarpah boten njawab.

Sareng sajak badhe dados kirang prayogi, Dokter Rajiman Mangunhusada manengah miyak sadherek kathah ngantos rekaos. Sareng sampun mapan, lajeng medhar sabda panyapih, kadhapur

pitakenan, mrayogekaken madosi wigatosipun. Jejering rembag: anggenipun njawekaken Quran punika nawung pikajeng punapa? Katranganipun: badhe mencaraken, sageda kathah ingkang ngretos suraos lan raosipun. Manawi makaten, rehning dereng atul, temtu wonten kuciwanipun. Temtu wonten kuciwanipun, dereng marem-aken. Mila wajib dipun maklumi, kaaksama. Ngantos dadosaken panarimahipun para sadherek, ical raosipun seling serap.

Ananging rehning Bagus Ngarpah boten njawab punapa-punapa ing raos kaanggep kawon, Quran ingkang sampun kajawekaken rampung, kaecapaken sampun angsal wolung buku, lajeng boten kalajengaken. Kathah ingkang sami ngraos eman. Tujunipun samangke wonten ingkang nglajengaken njawekaken Quran, kacithak, ngantos dumugi saged kasumerepan ing akathah. Nam-bahi pencaripun agami Islam sumrambah ing pundi-pundi. Kathah ingkang kepranan, lajeng ngrasuk Islam.

Taun-Surya 1908 sabibaripun peperangan Jepang ngawona-ken Ruslan, nenangi para sadherek Indonesia ngwontenaken pa-kepalan, ngangkah kaluhuran, kamulyan lair-batos, saged dados, nama Pakempalan: *BUDI UTAMA*. Raos suraosipun adhedhasar utamaning budi. Awit ingkang tetep sinebut luhur, punika namung Utama. Salajengipun ngrasuk nugraha. Pangrembagipun wonten ing Ngayogyakarta Adiningrat.

Kala semanten kawontenanipun kitha Ngayogyakarta prigel, dados telenging papan saking pundi-pundi. Telas-telasaning sepur kendel ing Ngayogyakarta. Upami sampun kados samangke, saged ugi wonten ing Surakarta. Bab punika sampun boten wonten bedanipun, sami turunan telenging karaton Mantaram. Ingkang sakalangkung perlu kawigatosaken, pambangun teteping nama: Budi Utama saestu. Punika ingkang saged ngumbulaken ing kaluhuran lan kamulyan lair-batos.

Rembagipun Budi Utama wiwitan wau rame sanget. Dhedhasaranipun, tindak-tandukipun kathah sanget ingkang milih cara Kilenan. Awit kala taun surya 1908 wau saweg sulap-sulapipun bangsa Nuswantara kadyan sorotipun Tanah Kilenan. Mila rembagipun prasasat ambyuk warni satunggal ngancas Ngilen. Dokter Rajiman Mangunhusada ngengetaken sanget-sanget, supa-

dos mawi dhedhasaran Wetanan, kabudayanipun piyambak. Tula-dhanipun cecriyosan Wayang. Nanging boten dipun paelu. Malah karaos karemehaken, sepele. Dene ngangkah kaluhuraning bangsa, namung sarana Wayang. Lajeng dados pangece-ece. Langkung malih para tuwan, sarta serat kabar Walandi, anggenipun ngi-sin-isin kesangeten, ngantos kados lare alit. Sakedhap-sake-dhap tansah ngedalaken pangece-ece: Dr. Rajiman met zijn wa-yang. Ewadene Dokter Rajiman boten kendhak. Namung ing batos ngangkah sarana sageda kaanggep pamanggihipun.

Taun surya 1909 wulan Oktober, dumugi taun 1910 wulan Desember, lajeng dhateng nagari Welandi, nginggahaken pasi-naon kadokteran. Sinau sedasanan wulan. Kalampahan angsal sesebutan: "Arts".

Kala semanten taksih dados pitakenan, punapa bangsa Jawi saged tampi nyakup, kawulang kawruh inggil? Punapa malih sarehning (kaca 29) bangsa Jawi dereng kathah ingkang nglebeti sekolahan tengahan, minggahipun dhateng sekolahan inggil.

Sasampunipun "Examen Arts" Dokter Rajiman damel "Voordracht" ing Indische Genoot-schap ing den Haag, bab: Tambahan pasinaon Gesang lan raosipun Bangsa Jawi (Bijdrage in de studie van de Javansch psijche). Piyambakipun anggelaraken manawi katitik ing kagunanipun sarta kawruh, pikiranipun bangsa Jawi membat. Anggadahi wewangunan ingkang boten remeh. Ateges: manawi saged tampi pasinaon kawruh luhur ing Kilenan.

Sesampunipun lajeng pangkat dhateng ing Berlin, nglajeng-aken pasinaon kadokteran, sarta kesengsem nalar kadokteran ingkang kawedharaken Tuwan Chrlich, amratelakaken manawi wonten jalaran saking jawi. (Kados ta: bacterie) lumebet ing jasatipun manungsa, lajeng gandheng kaliyan praboting badan ingkang tembe lajeng nuwuhaken sesakit. Punika tuwan Chrlich namakaken "Verankerung" (gandhenganipun bacterie kaliyan pra-bot badan: Cel.) Nanging tuwan Chrlich boten nerangaken sa-babipun saged gandheng. Pangangkahipun Dokter Rajiman, pancenipun sarampunipun saking Berlin badhe puruita dhateng tuwan Chrlich wau, ngudi nalaripun, nalar ing nginggil wau miturut caranipun kawruh (Wetenschappelijk). Derengipun manah ingkang makaten wau kadaya saking ungel-ungelanipun Bangsa

Jawi makaten: "Uwong iku ora bisa katularan larane wong liya, (kaca 40), manawa ora nunggal kringet".

Pamanggihipun Dokter Rajiman lebet sanget. Suraosing ungel-ungelan wau miturut dhedhasaring kamanungsan ing lelampahan saben dintenipun.

Salebetipun sinau, ningali dhateng negari London ing Engeland, sedanipun raja Inggris: Edward VII ingkang dipun estreni para nata cacah 11 iji, kajawi para utusanipun ingkang boten saged rawuh.

Bandhosa kadekekaken wonten "affuit"-ipun mriyem, boten mawi rerenggan punapa-punapa, namung kaluturan bludru wungu (lila) mawi bintang satunggal, katarik para Mariners-matrus. Wingkingipun sedan caket tengen raja ing Duitschland (Keizer Wilhelm) nitih kapal pethak, pangageman Marschalk Inggris, warni abrit. Kiwanipun Pangeran Dipati ing Inggris ingkang ing tembe jumeneng nata, George V, ramanipun ingkang jumeneng sapunika, George VI. Kiwanipun malih, nanging saugi sajajar priyagung kekalih wau ingkang rayi raja Eduward V asmanipun Hertog van Cannangt.

Ingang dados pirembaganipun para ningali ing ngriku (publik) inggih punika: (miturut pawartos wonten kirang langkung tiyang 3.000.000 ingkang ningali) namung kawibawan lan kaluhuranipun raja Duitschland.

Kala Dokter Rajiman taun 1919 pamit dhateng Eropa, dados sampun Perang Donya Ageng (Wereld oorlog), merlokaken dhateng Belgie, badhe nyumerepi tilasipun peperangan ing Belgi numpak montor, (kaca 41). Badhe wangsulipun dados saking Belgi dhateng Nederland malih, kendelipun wonten wates nagari kalih wau, kedah kapriksa serat-seratipun pas, sarta seratipun montor, sami lenggah wonten ing dhingklik panjang; reraosanipun para ingkang mriksa (douane beamtten), rikala raja Duitschland (Keizer Wilhelm) keplajeng saking Belgie dhateng nagari Welandi, inggih kedah kapriksa kados tiyang limrah sanes-sanesipun, ugi lenggah ing dhingklik panjang wau, kapara radi dangu sawatawis, amargi ngentosi Ajudanipun. Makaten wau kawontenaning lelampahan. Dereng sepintena dangunipun, suwau kawiba-

wan kaluhuranipun anglangkungi, lajeng santun boten makaten.

Wangsul saking nagari Walandi, kagentosaken Dokter Eman pangkat kaliwon, asma Raden Ngabehi Wedyadipura. Ing batos, malah mantep, madhep, tetep pangudinipun dhateng kabudayan. Langkung malih kabudayan karawitan Jawi, tansah nenangi raos ngantos karaos. Kathah ingkang sami kawengan sayektos, sumrambah dumugi samangke dhedhasar kabudayan punika dipun wigatosaken sayektos ing bawana. Kantun tumandangipun kemawon. Wilujeng kasembadan sami mangangkah rahayu.

14. WONTEN ING KALANGAN EBAH-EBAHAN

Sasampunipun pakempalan Budi Utama lair, saged anenangi manah saestu, tumruntun kemawon ada-ada ngwontenaken pakempalan-pakempalan, kados ta: Pakempalan Sarekat Islam, Indische Partai, Java Instituut, sasaminipun, pakempalan ageng alit warni-warni. Pakempalan politik, ekonomi, agami, kebatosan warni-warni, sosial, makaten ugi pakempalan tunggal damel.

Dokter Rajiman kala semanten lestantun dados warga Budi Utama, sarta Teosopi golongan Pangudi Gaib (Esoteris).

Sadhatengipun saking Eropa angsal sesebutan "Arts" nama-nipun saya misuwur, wewah kagatosaken ing kathah, sarta senunipun sampun wonten ingkang ngajengi pamanggihipun, ngangkah kamajengan punika langkung prayogi dhedhasar kabudayanipun piyambak, mardi kagunan lan raos ingkang cocog kaliyan dhedhasaran, tuwin kawontenanipun piyambak, tetep anggendholi pamanggihipun ingkang kawedharaken nalika adegipun Budi Utama. Sakawit namung kaorakaken kemawon. Sareng sampun saking Eropa angsal sesebutan Dokter inggil "Arts", lajeng sawatawis kathah ingkang nganggep pamanggihipun. Langkung malih ing kalangan Kejawen (kaca 44), pancen sampun kathah ingkang kadhasaran makaten. Mila kathah ingkang sami sengkut damel pakempalan mardi kagunaan kabudayan. Ringgit wacual waunipun sampun meh ical, lajeng gesang malih. Malah reger. Pasinaon dhalang Radya Pustaka ing Surakarta ingkang nama: Pa, Dha, Su, Kalestantun dumugi sapriki. Malah kasusul pasinaon dhalang ing Ngayogyakarta nama: Habirandha. Pakempalan mardi beksa sumrambah dumugi Eropah. Pasinaon tembang maca pat,

sekar ageng tabuhan gangsa, santi swara, sasaminipun lajeng sami gesang malih. Ingkang manitra punika kapilayu katut marsudi punapa ingkang dipun kaconggaahi, sasaged-sagedipun.

Manawi sesorah Dokter Rajiman kenging katemtokaken mawi rangkepan paseksen serat-serat Jawi. Kados ta nalika damel Preadvies ing Conggres Budi Utama taun 1921 bab "Reconstruc-tie idee der Javaansche Maatschappij.

Dokter Rajiman ugi nglebeti dados warga "Algemeene Vrijmetselarij", amargi tansah nandhang pangraosing manah susah kabekta saking warni-warni sesanggen, sarta ingkang lestantun nuwuhaken pitakenan: *Apa jejer ing Urip sarta apa prelune.*

Nadyan pikiranipun saged nyakup piwulangipun bab "Karma", ing pakempalan Teosopi, ing panginten ing salebetipun dados warga Vrijmetselarij saged manggih usadanipun nginggil punika wau.

Amargi pamirengipun Dokter Rajiman, saderengipun dados warga, (kaca 45), manawi ing Vrijmetselarij dhedhasaripun ugi "broederschap" sarta mawi coban. Ing wusana kanthi piwulang ingkang wados.

Miturut pangraosipun Dokter Rajiman, kathah sanget pasesmonipun ing Vrijmetselarij (.....), kepara kirang sanget ganjaranipun. Kosok wangsulipun kaliyan Theosopi. Dados meksa dereng tentrem ing kabatosanipun Dokter Rajiman, sanadyan gangsar anggenipun nyambut damel.

Serat Jawi ingkang asring kangge pasaksen, kados ta: *Serat Rama Jawi*, karanganipun ingkang minulya Raden Ngabehi Yasadipura tus Pajang, pujangga ageng ing karaton Dalem Surakarta Adiningrat. Ingkang kapareng kalairaken kala semanten, ungelipun: *JER BASUKI MAWA BEYA*, punika pitembungani-pun Sang Gunawan Wibisana anggenipun nangisi ingkang raka Sang Rahwana, nemahi pejah dening Sang Ramawijaya, kataman sanjata Guwawijaya, Sekar Maskumambang, makaten :

2. Dhuh kadangku liwat luwih karya sedhih,
patining narendra,
teka nora amrih becik,
ing mengko akarya susah.
3. Ngandelaken aji Pancasona-neki,

- endi toging karya,
 pangrasane luput pati,
 endi ta datan kadia.
11. Dhuh kadangku patimu pati raseksi,
 Dene nguni padha,
 puruita basa luwih,
 mati maria reksasa.
 12. Ah, ngong matur panggawe awet basuki,
 teka agung galak
 tan pinirsa tutur becik,
 ndadak deduka andhupak.
 13. Paran dene peksa matur kongsi ail,
 tresnaning kekadang,
 aja katekan bilahi,
 bilahi nggegawa bala.
 14. Ah, ah, adhuh kadangku tuwa sayekti,
 Pagene ta wuta:
 tuli tuli tanpa tali,
 mung ala katula-tula.
 15. Lagi tumon wong *kudu nedya bilahi,*
gampang tanpa srana,
Malah kedah den karepi,
JER BASUKI MAWA BEYA.

Pada pungkasan angka 15 punika kalaras, kawontenan ingkang anjalari bilahi. Boten mawi sarana, malah kedah dipun lampahi kemawon. Inggih punika kelu kapilayu njurungi hawa-napsu, Kelut kaliput muput, tansah ngangkah suka-suka pari suka eca lan sakeca. Boten ngengeti sesami, jejerling Gesang, bebrayan, sungkan ing rekaos, sapiturutipun.

Beda ngangkah karaharjan, kautaman, kaluhuran, karahayon, punika perlu dhasar sura sudira, purun rekaos, babasan tekad pati, nggayuh mukti. Awit mukti lan mati punika gegandhengan dipun lampahi. Inggih punika ingkang dipun kajengaken, tembungan: *JER BASUKI MAWA BEYA.*

Nalika Perang Donya Ageng taun 1914 panjenenganipun Dokter Rajiman jumeneng makili Pangarsa Pangreh Ageng Budi Utama, usul pamanggih, jagi-jagi mbokmanawi katut aradan pe-

rangan. Kangge nelakaken kasetyanipun dhateng nagari sitiwutah rah, sarta reksa-rumeksanipun kaliyan ing Nederlan.

Pakempalan Budi Utama mangatag Pakempalan Umum (openbare Vergadering) ing Semarang nyedhahi Pakempalan Sarekat Islam (ing samanten saweg wonten pakempalan kalih punika) ngrembag pitakenan, manawi nagari Walandi sarta Indonesia kedhatengan mengсах, kados pundi trajangipun tiyang siti, punapa tumut jagi siti wutah rahipun sesarengan kaliyan pamarentah Walandi, punapa boten. Pungkasaning rembag wiyar sarta dangu, anelakaken manawi tiyang siti nadyan purun mbiyantu ing paprangan, boten saged nglampahi, amargi boten gadhah kasagedan.

Salajengipun Pakempalan Budi Utama angwontenaken parepatan ageng ing Bandung, ngrembag bab "Militie". Wusananipun nyuwun pamarentah Hindia Nederlan, nyuwun pranatan dipun wonteni prawira manasuka, prajurit milisi tiyang siti, kanthi panyuwunan wontenipun *Rad Kawula*, mawi warga wewakiling kawula saestu kados ing nagari Walandi, Eerste Kamer sarta Tweede Kamer.

Awit saking warni-warnining pamanggih, semunipun parentah taksih kagungan sangga-runggi. Dereng kepareng nimbangi pamanggih prayogi usulipun Dokter Rajiman ingkang saking setya saraya reksa rumeksa.

Bab Milisi boten kaparengaken. Namung Rad Kawula lajeng dipun wonteni. Kangge wiwitan, ngantos kados kawontenanipun Rad Kawula dumugi samangke punika.

Dokter Rajiman ugi katut kapilih dados warga Rad Kawula. Kathah pamanggihipun ingkang maedahi Tanah Indonesia. Ugi wonten pamanggihipun ingkang sakalangkung maedahi ing praja karaton Jawi sekawan. Wosipun pamanggih: mrayogekaken ngical sangga-runggi, sageda prayogi sesambetanipun, adhedhasar sih-sutresna saestu., aos-ingaosan, pitados-pinitados.

Nunggil saraos, supados anjalari kaluhuran, kamulyaning lair batos sayektos. Tata tentrem ing bawana sami manggih rahayu. Wos-wosing pamanggih: praja karaton Jawi, prayogi kajejakeren netepi namanipun: *MADEG MANDHIRI PRIBADI*. Anggadhadhahana wewenang samesthinipun, sageda mbantu rumeksa

saestu karta raharjaning bawana; langkung malih prajanipun piyambak-piyambak.

Para patih kajejeraken dados pepatih ing praja karaton Jawi sayektos. Netepi punapa mesthinipun. Nanging parentah agung Hindia Nederlan dereng amarengaken.

Salebetipun dados warga Rad Kawula, pamit dhateng Nederlan sinau Bab prakawis "X stralen" (taun 1919-1920). Rikala dados lid Volks-raad meh kemawon dados Voorzitter saking pamilihipun Volks-raad, bab ingkang nggentosi Voorzitter.

Sekawit "stem"ipun dhateng Mr. Schuurman kaliyan Dokter Rajiman: sami. Lajeng pilihan malih (herstemming) Dokter Rajiman kawon tigang "stem".

Ing taun 1923 ndherekaken Gusti Kangjeng Pangeran Harya Kusumayuda, dados utusan dalem dhateng nagari Walandi marengi wiwahan agung, nyaosaken kasugengan, saha bekti sumungkem dhateng Sri Maharaja Putri Wilhelmina. Rikala ngaturaken pisungsung panganggenipun utusan Dalem Karaton Surakarta, prajuritan. G.B.K.P.H. Kusumayuda kaliyan Dokter Rajiman kadhawuhan ndherek dhahar Sang Raja Putri (Lunch) namung wonten priyagung kawan-welasan pilihan para luhur (Hoofdhouding).

Ing nalika taun 1912 kautus dhateng nagari Walandi methuk putra dalem Gusti Bandara Raden Mas Nawawi, amargi gerahen. Kondur lajeng kajumenengaken Pangeran, asma: Gusti Bandara Kangjeng Pangeran Demang Tanpa Nangkil. Lajeng seda dereng palakrama.

Anggenipun dhateng Eropah Dokter Rajiman punika wungsal-wangwul ngantos kaping sadasa. Saben-saben nyinau kawruh mligi ingkang kabetahaken.

15. DADOS BUPATI DOKTER

Awit saking dumugi ing wanci, sarta kathah lelabetanipun, kapangkat Bupati Dokter, asma: Raden Tumenggung Wedyadiningrat, dumugi angsal sesebutan Kangjeng. Kaparingan bintang warni-warni. Ngantos ingkang kantun piyambak: Bintang Sri Kabadya. Kanjeng Gupermen ugi nengeri bintang: Opisiring Orde Oranye Nasau.

Ada-adanipun babagan kasarasan warni-warni. Kados ta :

**KANGJENG RADEN TUMENGUNG DOKTER
WEDYADININGRAT (DOKTER RAJIMAN)**



I. Mangagem basahan, songkokan



II. Mangagem Kanigaran

dhukun bayi, pangajaran bong, pangajaran cacar lan sanes-sanesipun. Kabupatenipun dokter nama Kawadanan Kridha Nirmala. Asmanipun saya kawentar, misuwur ngebeki bawana. Sadhengah bangsa, sepuh-anem, prasasat sami sumerep, sinten : Dokter Rajiman punika, sarta kados pundi kawontenanipun.

Wiwit alit sampun wonten titikanipun linangkung, dados uyunaning lare, minangka pangayoman tumindak sawenang-wenang lare nakal sapiturutipun. Sareng diwasa saya katingal kalangkunganipun. Sarta sregep ing damel, tetep ing wajib, setiti ing samukawis, gemi, pratitis nindakaken kabetahan, susila, parikrama, prasaja, anor raga. Boten ngegung-gungkaken, bekti sungkem ing yayah rena, ngaosi para sepuh, setya ing kasaenan. Boten nate ngraosi-nyanten awoning sanes. Manawi perlu nerangaken kangge gegambaran, tetuladan, nyariyosaken ingkang sampun dipun lampahi piyambak, (kaca 52), kanthi dipun mangretosi watak-wantunipun, sarana kapurunan. Mila saged amretelaken tetela sadaya pepacuh punika kathah nyatanipun. Dipun lampahi punapa dipun singkiri, punika namung kasarahren; sesampuna sami pariksa pituna lan pigunanipun. Bilih nerak pepacuh punika badhe rapuh, rekaos, sakit, nanging angsal kawruh. Ngestokaken wewarah badhe bingah, cetha wela-wela: MA lima punika dados pancabaya, mbawur pancadriya.

Ugeranipun: kabatosan; Jejering Gesang. Wrah kabatosan kathah ingkang kaambah. Langkung malih wewarah jiwa. Ngluhuraken para pujangga. Nyakep nyakup wosing cariyos dalah raos-suraosipun. Asring ngandharaken tembungan: *SURA DIRA JAYANING RAT, LEBUR DENING PANGASTUTI*. Pikajenganiipun: kasuran, kadiran, jaya-kawijayan, punika sirna dening pangastuti.

Daya kawasaning kodrat, punika saged kaereh sarana dipun sumerepi watak-wantunipun. Wontenipun palwa udara, baita silem sasaminipun punika saking nyumerepi watakipun daya kawasaning kodrat.

Inggang nama pangastuti sejati, punika namung mbabar jejeripun Kajatening Gesang, mamangun kasaenan, kautaman, karanayon. Wetahipun ungel-ungelan wau makaten:

Jagra angkara winangun,
sarjana marjayeng westhi,
puwara kasub kawasa,
warsita jro wedha muni:
SURA DIRA JAYANING RAT
LEBUR DENING PANGASTUTI.

Miturut dedongengan ing *Serat Witaradya* makaten:

Kacariyos Pangeran Adipati Anom Raden Citrasoma, putranipun Prabu Aji Pamasa, ing praja Pengging Witaradya, gandrung Nyai Pamekas, semahing wadana punggawa nama: Tumenggung Saralathi, ingkang enem piyambak, karan Nyai Pamekas. Warnanipun ayu endah, prasasat Widadari ndharat. Sareng kapanggih piyambakan, kaengetaken, tindakipun Sang Pangeran wau, nama tilar kautaman, paugeraning kamanungsan. Ngrisak pager ayu semahing abdi. Boten kirang kenya sanesipun ingkang nglangkungi kaendahaning suwarni. Prayogi kasandekaken karsanipun; boten sagah nglaksanani, ngantepi kautamaning pawestri, Sang Pangeran saya adreng badhe paripaksa. Lajeng sinanggi ing krami, amargi manawi dipun puguhi, malah dados kirang prayogi. Nyai Pamekas nyuwun dhateng Sang Pangeran, nyirepi para panjagi. Sasampunipun sami tilem, Sang Pangeran badhe andumugekaken karsanipun, Nyai Pamekas ngengetaken, bilih Sang Pangeran kaliyan piyambakipun dereng tilem. Langkung malih Sang Hyang Manon, Pangreksaning Bawana punika boten sare. Pangeran enget manawi wonten Ingkang Maha Kawasa, misesa rumeksa Bawana, sarta ugi lajeng kraos, bilih para satriya punika ugi dados pangreksaning bawana. Langkung malih panjenenganipun. Kapeksa nyandekaken karsanipun, sarta paring panarimah, lajeng kondur.

Inggih tandukipun Nyai Pamekas makaten punika ingkang katembungaken: pangastuti. Saged nyirnakaken angkara, jagra, *Jagra angkara winangun*. Tumrap tindak-tanduk sanesipun temtu wonten lampahanipun malih.

Nate ngangge paseksen *Serat Menak*, ugi anggitanipun Raden Ngabehi Yasadipura tus Pajang, pujangga ageng ing karaton Dalem Surakarta Adiningrat. Wawan sabdanipun Sang Amir Ambyah

kaliyan Prabu Gulangge ing Ngrokam, nalika dereng sumerep wujudipun. Kawastanan: Tiyang Agung punika pantesipun ageng inggil nglangkungi tiyang lumrah. Sareng sampun ajeng-ajengan, sumerep warnipun, limrah kemawon. Ewadene saged ngasoraken para raja ageng-ageng. Punapa kadibyanipun? Sang Surayeng Jagad, Tiyang Agung Menak Jayeng Murti amratelakaken, bilih namung dados saraya, sarananipun Ingkang Maha Kuwasa. Punika sampun malih jalma-manungsa, titah ingkang linangkung, nadyan kewan asor, lemut punapa semut, saged angentasi damel. Awit namung dados lantaran kemawon. Wosipun, jejeripun punika Ingkang Maha kawasa. Ungel-ungelan Serat Menak kapethik. Ungelipun makaten :

Pripteng papan wus pangguh,
Sri Gulangge ameneng andulu,
atatanya: "Sapa wong Arab kang prapti,
pideksa nora gung luhur,
nanging cahyamu mancorong."

Sumaur: "Aja tambah
Sri Gulangge, apan hiya ingsun,
prajurit kang kasub rat surayeng bumi."
Prabu Gulangge angrungu,
seleh gadane neng pangkon.

Sidhakep astanipun,
Rajeng Rokam samana anjetung,
"Nora kaya Kang Agawe bumi langit,
lamun akarya lelakun,
tan mantra kena ginayoh.

Cecengklungen raseng sun,
yayah brangta maring ing Dyah Ayu,
Ciptaningsun amrih nuwuki ing jurit,
anutug sakayun-kayun,
ing ayuda singa kasor.

Kaduga suwiteng sun,
Kasub ing rat bebudenireku,

paramarta sih ing dasih lair batin,
Nanging sun nyana Wong Agung,
gedhemu nora semono.

Kaya priye tingkahmu,
sira numpesi ditya gung-agung,
inggang padha sadaya pangawak wukir,
duk prang wukir Kap sireku,
liwat saking karya gawok."

Mesem dennya sumaur,
angelken ing turangganipun,
kadya gajah jejagongan lawan kambing,
"Heh Sang Prabu sira mau,
ngucap takdiring Hyang Manon.

Pan wus tinitah ingsung,
anyirnaken danawa lan diyu,
Aja mungguh manungsa kang kaya mami,
sanadyan rupaa semut,
yen kinarsaken Hyang Manon.

Mangsa wurunga iku,
lamun kinarya ilapat tuhu,
semut bisa anggempura gunung wesi,
kadigdayanira semut,
kawasa lamun kinongkon."

Prabu Gulangge ngguguk,
padha krasa sarasanipun,
pangwasane sapele manungsa iki.
luwih karsane kalimput,
apadudon dadi liron.

Priye pamisahipun,
Hiya wadhag kalawan kang alus,
yen aweta tutunggalan mesthi sirik,
witning pinisaha iku,
siya-siya wong jejdhon.

.....

Wonten malih serat-serat ingkang kerep kapethik kangge sesorah, inggih punika *Serat Arjuna Wiwaha*, limrahipun nama: *Serat Mintaraga*. Boten namung dipun pethik kemawon, malah mligi kasesorahaken, katerangaken, sarta dipun karang kalebaten kalawarti Walandi tengah wulanan, enget-engetan: Kalawarti Timbul. Menggah anggenipun methik menika miturut kawonten-anipun ingkang kasesorahaken. Nanging turut bab-babipun. Mila kenging kangge niti, nlaras beda-bedaning jaman lan kawonten-anipun Dokter Rajiman piyambak. Sakawit ingkang kerep dipun pethiki, sarta kangge rembagan: Sual jawabipun Resi Padya makaten:

.....

lingira malih Sang Padya,
"Robaya gon sun ningali.
Ing yoga bratanireku,
punika sampun lestari,
Hiya ing paningaling wang
Yoganira iku ugi,
kaya ta nora sumelang,
nanging mengko ing sun iki.

Kaworan pakenireku,
panggawe walaka nenggih,
lire lamun pakenira,
kawoworan panggaweki,
panggawening wong walaka
dening pakenira maksih.

*Gegaman pepati iku,
Robaya pakenireki,
ika wonten pakenira,
punika ing sun tingali,
kawaca kalawan laras,
muwah sanjata cumawis.*

Wonten ing tangkulakipun,

Punika kula tingali,
eman temen pakenira,
Robaya paningal mami,
yen tan putus kalepasan,
tanpa gawe asemedi.”

Sang Padya malih lingipun,
”Heh Robaya wruhaneki,
manah rahayu punika,
Kalamun sampun patitis
tingal kang pineleng uga,
maring kamuk sanireki.

Yen uga ngesthia iku,
ya kang maring lumekasing,
kang sasar tingal punika,
ing ataki-taki iki,
baya na kang katingalan,
penet miwah awoneki.”

Sang Padya malih amuwus,
”Heh Robaya pan sayekti,
tingal mring kamulyan uga,
kayun ingawasken yekti,
lawan sarta tinungkulan,
tan kena sinambi-sambi.

Tan kena kala kaleku,
kala met kala boyeki,
lawan kala amet swarga,
boya keni mangkoneki,
iku manggih cacat uga,
temahe pakenireki.

Robaya inggih puniku,
rencaneng pancadriyeki,
Demi wus angradon uga,
inggih kang pancadriyeki,

yen iku wus angradona,
angel denira ngulapi.

Yen tan ngambilan puniku,
kang pancadriya sayekti,
awet wulangun yektinya,
apan ambebingung ati,
Yekti ngalap ing paningal,
kang maring ing ayu ugi.

Apan ta kalingan iku,
dening raga wisayeki,
Angucap malih Sang Padya,
"Heh Robaya wruhaneki,
panggawe pancadriyeka,
Kadyanggan ningali ringgit.

Ana kang anangis iku,
Ana kang sekel ningali,
ana kang gumuyu suka,
weruha yen iku ugi,
walulang ingkang kinarya,
ngukir pinolaken jalmi

Ewa mangkono puniku,
akeh kapencut ningali,
Hiya iku pangrencana,
ing pancadriya sayekti,
iku awor ing seluman,
kang nganggep mangkono ugi."

Mangkana wuwusnya wau,
Sang padya mring Sang Parteki,
Neher sumahur Sang Parta,
"Pukulun Sang Maharesi,
tulus raharja kang sabda,
Sang Resi dennyang sung wangsit.

Nanging ta saestunipun,

Mila manira puniki,
maksih andarbeni laras,
lawan kawaca puniki,
muwah ta : ingkang sanjata,
taha sun gaman apati.

Pan boya sayektinipun,
kewala kang dosa ugi,
apan ta sampun ulahnya,
Mungguh satriya puniki,
ulah yasa lan kawiryan,
mangsa ta supea malih.

Dhateng kalepasanipun,
pukulun Sang Maharesi,
ring wong apenet punika,
mangsa ta supea ugi,
Menggah jatining agesang,
punika ingkang kaliling.

Ing wuwusulun puniku,
yen ta Jatining aurip,
boya yen dorakna pisan,
Patitis pati puniki,
amung ta maksiha ulah,
kawiryan puniki mangkin.

Ya ulah mangkono iku,
minangka pangati-ati,
ning pati kewala uga,
kasukan kawibawaning,
Punika manira karya,
pangameng-amengan ugi.”

Mangkana malih lingipun,
Sang Padya mring Sang Parteki,
”Heh Robaya wruhanira,
ring wong kasengsem bogeki,

awon temahe punika,
kaya wong kasengsem ugi.

Dahat dening katonipun,
kaya upamane ugi,
ing wong tuwaburu ika,
tan ana karyane malih,
mung amet ing buron ika,
dadya macan lamun mati.

De septa bedhagan iku,
muwah wong tuwaraweki,
tan ana karyaning liyan,
mung ngupaya ulam warih,
dalusiyang ngambil ulam,
iku benjing lamun mati.

Iku dadi buaya gung,
wecaning pati patitis,
inggihta sapanggaweyan,
Robaya awon pinanggih,
kalamun si kasengsema,
panggawe punika sirik.”

..... sambetipun makaten :

Ya ta Sang Parta sumaur,
tan apanjang saur neki,
mangkana ta saurira,
”Lah pukulun Sang Maharsi,
tulusing kang pangandika,
Nanging ta ulun puniki.

Boten keni sestunipun,
anut ing kamuksan mami,
Karana manira tapa,
kawilet ing tresna mami,
Robaya, tresna manira,
inggih dhateng ibu mami.

Lawan wong sawangsa ulun,
Darmawangsa namaneki,
kang ulun tapaken iki,
kadigdayaning ajurit,
digdaya wijaya ika,
ing ayuda ywa kalindhiih."

..... lajengipun :

Sang Parta malih winuwus,
"Pukulun ing atur mami,
karananira atapa,
kang manira tedha ugi,
inggi marang ing Bathara,
kasantikaning ajurit.

Kalayan manira ayun,
umayu ayu puniki,
angreksa kang paraita,
Tegese praita nenggi,
angedani manahing liyan,
wong sanegara puniki."

Panglaras, tegesipun pitembungan wau, Resi Padya boten semang-semang, bilih Sang Arjuna matrapaken yogabratana inggih punika lampah panunggal, anggayuh kasampurnaning Gesang punika sampun leres. Namung wonten mangu-mangunipun sake-dhik, semunipun Sang Arjuna taksih kawoworan pikajeng lim-rah, pandamel walaka, anggayuh kadonyan. Tandhanipun taksih gegaman pati. Ngangkah mejahi, awit nyandhing dedamel; jempa-ring gandhewa, miwah prabot pirantosing perang. Eman-eman manawi ngantos putusing kalepasan. Tanpa damel anggenipun semedi.

Resi Padya nerangkaken, bilih sampun patitis sayektos, ingkang kapeleng mligi dhateng kamuksan, temtu manahipun la-jeng rahayu, namung nyipta lan nindakaken kasaenan. Manawi taki-taki, matrapaken tapabrata taksih nyarup awon sae, saenipun kawoworan awon, punika nama kasasar, utawi sasar, mangro

cipta lampah. Sayektosipun ngangkah kamuksan, kamulyan kasampurnan, matrapaken lampah manunggal, punika kedah madhep mantep madhep satunggal, nyawijekaken sipat satunggal. Boten nampik awon lan boten milih sae. Awit sampun boten wonten awon sae, sampun sawiji sawujud. Langkung malih nyarup awon sae, saya boten babar pisan. Kedah mligi sawiji, tata, titi, tetep, atul awas eling. Boten kening kasambi, namung kala-kala anggenipun matrapaken. Kedah meleng mantheng, sampun ngantos malenceng nggayuh sanes. Sanadyan ngangkah swarga, inggih sampun ngantos, awit punika nama kening pangrencananing pancadriya. Badhe manggih sangsara. Bilih rencananing pancadriya punika ngradon, ngreda, ngambra-ambra, angel anggenipun ngicali. Manawi pancadriya punika boten katiti, katata, namung kaumbar kemawon, temtu babaranipun dados rubeda, awet wulangun, linglung, lengleng ing kahanan, kadonyan. Ngalap paningal, nyilep tuju rahayu, kalimput ing raga wisaya, wisayaning raga. Kados upaminipun ningali ringgit wacual. Wonten ingkang ngguyu, miwah nangis. Mangka mangretos, ringgit punika ingkang kadamel lulang tinatah, kasolahaken dhalang.

Makaten ugi lelampahan donya, wonten ingkang nglampahaken, sontan-santun kawontenanipun, gek wonten gek ical. Ewadene meksa wonten ingkang kelut kalimput. Punika pangrencananing pancadriya. Temtu kasasar yoga bratanipun.

Sang Arjuna njawab, "Kasinggihan sabdanipun Sang Resi Padya. Nanging sayektosipun, anggenipun Sang Arjuna asikep dedamel, gandhewa miwah jemparing, prabot pirantosing perang, punika boten namung kangge, mejahi kemawon. Ingkang saka-langkung wigatos, punika kangge rumeksa. Nadyan saged mejahi, namung tumrap ingkang dosa. Punika watak-wantu, ulah miwah pandamel. Wajib, darmanipun satriya.

Ulah: *Yasa* tiyasa, prawira, sudira, lan kawiryan. Nanging kedah boten supe dhateng kalepasan, kasampurnan, kamulyan-ning Gesang, Kajatening Gesang, punika ingkang kapeleng.

Tumraping satriya bab patitising pati, kelepasan, punika dados dhedhasaran ngidhep, madhep mantep, tetep. Nanging

prayoganipun taksih ulah kawiryan. Sampun ngantos tilar kaprawiran, kasudiran, tiyasa lan yasa. Wigatosipun, kangge pangu-lah, pangleler, pangatos-atos, kasembadaning pati patitis. Kasu-kan miwah kawibawan, punika namung kangge ameng-amengan, dolanan, kangge nglantih matrapaken patitising lampah netepi wajibing satriya.

Resi Padya nyual malih, bilih katranganipun Sang Arjuna makaten punika, tetep adamel semang-semang. Ewed anggenipun netepaken yoga bratanipun, dene taksih anjurungi panca-driya. Dados nama kesengsem, kerem. Punika awon. Upaminipun: karem tetedhan, bingah-bingah, kerem ing pandamel punapa kemawon, kados ta: tuwaburu, bebedhag; punika manawi pejah dados sima. Makaten ugi: tuwarawa, juru misaya buron toya; punika manawi pejah dados baya ageng. Awit miturut weca, wiridan bab patitising pati, punika wosipun wonten ing pandamel, pakarti, sengsem lan keremipun; punika njalari *boten kadadosan*, utawi *kaleksananing gegayuhan*.

Sakala Sang Parta lajeng enget dhawuhing eyang Sang Bagawan Dipayana, Maharsi Wiyasa: badhe kedhatengan pandhita marah kamuksan, ngenggokaken lampah darma wajibing satriya. Mila Sang Parta lajeng njawab, anggenipun tapa brata punika netepi kasatriyan, ngesthi, nenuwun ing dewa kasantikaning ayuda. Ngangkah *mangayu-ayuning jagad, mamangun menaki tyasing sasama; rumeksa bawana netepi wajibing satriya*. Bilih dereng pinareng ing dewa, boten nedya mantuk.

Katranganipun Sang Parta makaten punika, ndadosaken pirenanipun Resi Padya. Lajeng babar Bathara Endra, ngandikaken: para Widadari ingkang sami ngrencana punika utusanipun. Supados ngawonaken kasantosanipun Sang Parta nenangi panca-driya. Nanging cabar sadaya. Lajeng dhawuh tetepa santosa anggenipun semedi, ngantosana rawuhipun Hyang Rudra.

Bantahanipun Resi Padya kaliyan Resi Ciptaening, mesi wewarah bab kasampurnan, sarta lampah kasatriyan. Tegesipun: sarana pandamel. Punika wosipun: sampun ngantos karem, kerem, sageda namung mbabaraken kawontenan, kasagedanipun piyambak-piyambak. Awit karem, kereming pandamel punika ingkang



Mangagem cara Walandi



Prajuritan, tumindak pasisiran, maos dhawuh

Dokter Rajiman, nalika dados warga Rad Kawula (Volk-sraad).

njalari cabaring gegayuhan. Katemah dados kados ingkang dipun karenai, lajeng kerem, wewaton angger-angger dumadi.

Larasan makaten punika, cocog kaliyan kawontenanipun Dokter Rajiman kala semanten. Wusana sumangga.

16. DUMUGI PENSIUN

Panjenenganipun Dokter Rajiman K.R.T. Wedyadiningrat anggenipun wongsal-wangsul dhateng Eropah punika kathah angsal-angsalipun. “Arts”, angsal pasinaon kawruh mligi ing bab kadokteran warni-warni, kados ingkang kapratelakaken ing nginggil. Sarta saged nyakep nyakup wosipun larasaning kawruh dalah pangudiniipun. Kanyatan saged nyakup kawruh mligi warni-warni.

Dhateng Eropah ingkang kanton piyambak, punika saya mantep pamanggihipun, bilih *kawruh kelairan ingkang gumelar ing Eropah* punika, *namung dumugi lepassing pamikir*. Ambabar ngambra-ambra, tangehi sagedipun maluyakaken donya. Mila lajeng nglokro, kendho, dhateng pangudining kelairan, pangulahing pamikir. Saya mantep pitadosipun ing batos, kaliyan malampah ngangkah ngudi kabatosan sapikantukipun.

Pancenipun gadhah pamanggih premati bab tumularing sesakit, wewaton kabatosan, sarta kelairan. Nanging sareng samekta sadaya, pamanggih wau beda kaliyan wewaton ingkang kaandharaken para saged. Wosipun sabab-sabab panularing sesakit ingkang saking jawi, punika namung ngrosakaken kemawon. Jejer ing sabab punika saking nglebet, batos, raos, dumugi Gesangipun Sajati. Nanging rumaos sampun boten kacongah, amargi sampun sepuh, sarta gadhah sesakit rematik, balung sungsum;

bilih pinuju kimat, manawi kangge mlampah rekaos. Kangge nglampahi pandamelan wajib kemawon sampun awrat. Malah sampun nggalih nyuwun lereh pensiun. Kaliyan ngentosi wanci, madik papan palereman ing Tretes. Mundhut pasiten kangge tetanen. Panggalhipun pancen kalebet dhateng tetanen.

Miturut dhedhasaran kawontenaning lair-batos, raos dumugi gesangipun bangsa Indonesia, perlu sanget katetangi raos-pang-raosipun tetanen, ngolah siti. Boten namung kangge panggesangan lair, sandhang tedha sageda mentas piyambak, ugi tumrapping batosipun, raos-pangraos dumugi ing Gesangipun. Pamanggih makaten wau ugi asring kawedharaken wonten ing pakempalan ageng Budi Utama, sarta Bale Agung ing Surakarta. Anggendholi wewenang siti kadarbe ing brayat (komunal), boten kabage tumrap para sadherek piyambak-piyambak (individual).

Kajawi ingkang sampun kasebut wau, angsal-angsal saking Eropah ingkang sakalangkung karaos kawigatosaken saestu punika bab antepipun dhateng kabatosan. Awit kawruh kelairan, nadyan sampun bablasipun samanten, saged migunakaken daya kekiyataning kodrat, saged ngawontenaken pirantos kangge ngambah awang-awang, silem ing toya, gandheng swara warni-warni; meksa dereng saged dados sarana mbabaraken kamanungsan jati memayu rahayu, tata tentreming bawana. Malah ura, aruhara, saking buyaring pancadriya. Dados ngambra-ambra.

Awit saking punika saya mantep pamarsudinipun dhateng kabatosan. Kala mangsa ngwontenaken pepanggihan kaliyan para sadherek sawatawis, terkadhang piyambakan, ngrembag serat-serat Jawi: Dewa Ruci, Wiwaha, Witaradya. Santun panglarasipun, saya langkung nyethakaken bab kabatosan.

Menggah pangrembagipun serat-serat wau makaten:

Serat Dewaruci, saben-saben kangge srasehan wonten ing Wedyadiningratan, saler-wetaning pojok ler-wetan Dalem Kapatihan, kaliyan para sadherek mitra darma. Miturut *Serat Cebilek*, anggitanipun Raden Ngabehi Yasadipura Tus Pajang, Pujangga Ageng ing nagari Surakarta Adiningrat:

Kacariyos kala jaman Kartasura, para prayagung sarta para marsudi, sampun wonten ingkang migatosaken raos-suraosipun

Serat Bimasuci, utawi Dewa Ruci, sarta Serat Arjuna Wiwaha. Wonten ing pasrasehan Widyadiningratan nate kasuraos: Sang Bimasena, Wrekodara punika kados pasemon derenging pikajengan, karep, karsa. Kadumugening pikajengan, gegayuhan, punika inggih manawi lampahipun kados Sang Bima anggenipun madosi tirta pawitra, kepanggih Sang Dewaruci wau. Boten lempur kapeper, boten kendhak kaendhak sinten kemawon. Meleng ngesithi sawiji ingkang kasedya kagayuh. Sampun tanpa wangwang dhateng pringgabayaning margi. Boten lirip kaloropaken, kepanggih reksasa Rukmuka, Rukmakala. Malah dipun pejahi, badhar dados dewa: Sang Hyang Endra lan Sang Hyang Bayu: pating wewarah. Lajeng nggebyur seganten kagubet naga, kasirnakaken. Ngantos kepanggih Sang Dewaruci: kawejang Jatining Kasunyatatan, tan gatra, tan satmata, tan kena kinayangapa, ingkang taksih kanalar ngantos memet, karaosaken ngantos kandhas ing raos-pangraosipun pisan, inggih meksa dede Jatining Kasunyatatan namung nyataning pamikir, lan pangraos kemawon.

Ungel-ungelampun makaten:

Anauri aris Dewaruci,
”Iku dudu ingkang sira sedya,
kang mumpuni ambeg kabeh,
tan kena sira dulu,
tanpa rupa datanpa warni,
tan gatra tan satmata,
hiya tanpa dunung,
mung dumunung mring kang awas,
sasmitane aneng jagad amepeki,
dinumuk datan kena.

Datan kena iku yen sira prih,
lan kahanan kang samata-mata,
gampang angel pirantine,

Nora kena lamun den rasani,
lan sasama samaning manungsa,
yen ora lan nugraha-Ne,

.....

aywa ngandekken sarira,
lan ywa kraket marang wisayaning urip,
balik sikepen uga.

Kawisayan ingkang makripati,
den kaasta pamanthenging cipta,
rupa ingkang sebenere,
sinengker bawaneku,
urip datan ana nguripi,
datan rasa-rumangsa,
ing kahananipun,
uwis ana ing sarira,
tuhu tunggal sasana lawan sireki,
tan kena pinisaha.

.....

Ananging sumurupa sireki,
kabeh-kabeh iku mung bekakas,
ora langgeng salawase,
Awit urip puniku,
kawengku ring ingkang nguripi,
ingkang nguripi uga,
ya isih kawengku,
dening Inggang Karya Gesang,
Kang Karya Gesang tan kena den tingali,
lawan netra kapala.

Atanapi paningaling budi,
muhung kena lamun tiningalan,
lan paningaling uripe,
kang wus lagnyana suwung,
tegese wus tanpa piranti.

Dadi lamun mangkana,
kena linakon mung,
sapisan nanging kalawan,
awani anjumenengaken sawiji,

marma angelingana.

.....

Luwih gengnya kalepasan iki,
lawan jagad ageng kalepasan,
kamuksan luwih lembute,
salembutaning banyu,
isih lembut kamuksan iki,
langkung alit kamuksan,
saha lit ing tengu,
pan isih alit kamuksan,
liring luwih amasesa ing sakalir,
liring lembut alitnya

Bisa nuksma ing agal lan alit,
kalimputan sagung kang rumangkang,
gumremet uga tan pae,
kaluwihan satuhu,
luwih dening ingkang nampani,
tan kena ngandelena,
ing warah lan wuruk,
den sanget pangudinira,
raganira wasuhen pragnyana ngungkih,
wruha rungsiting tingkah.

.....

lamun uwis wicaksana,
tingalira sirnakna ananireki,
kadi tingaling Suksma.

Rupa lawan swaranira nuli,
ulihena mring kang duwe swara,
jer sira mung ngaken bae,
susulih kang satuhu,
nanging aywa darbe sireku,
pakareman lyanira,

saka ing Hyang Agung,
kadi sarira Pangeran,
obah-osikira wus dadi sawiji,
ywa loro anggepira.

Lamun dadi anggepira pasthi,
yen ngrasa roro misih was-uwas,
kena ing rengu yektine,
yen wus siji sawujud,
sakarenteg ing tyas sayekti,
apa sinedya ana,
kang cinipta rawuh,
wus kawengku aneng sira,
ing sajagad jer sira ingkang kinardi,
gegenti den asagah.

Wonten ingkang nyuraos, dados pasemoning patrap mesu-
semedi. Makaten punika namung kasumanggakaken. Panglaras
Wediyadiningratan, Serat Arjuna Wiwaha, kaliyan Serat Dewa-
ruci punika gandheng. Makaten ugi Sang Arjuna kaliyan Sang
Bimasena, punika ugi dados wanda sawujud. Sang Wrekodhara
punika wujudipun derenging pikajengan tetep santosa. Sang
Arjuna punika jejering Cipta ening, eneng-ening. Mila anggeni-
pun anglaras Serat Arjuna Wiwaha punika wongsal-wangsul,
dangu-dangu saya lebet. Panglaras Serat Arjuna Wiwaha ingkang
kantun piyambak punika kasesorahaken wonten ing Sana Buda-
ya, ing wulan Maret Taun Surya 1937, sasampunipun pensiun,
lajeng dedalem ing Tretes. Ingkang katerangaken panembahipun
Sang Arjuna dhateng Sang Hyang Siwah makaten:


Sang Arjuna angastuti malih,
Byapi byapaka tegese ika,
Byapi wisesa tegese,
Byapaka tegesipun,
Kang Misesa tegese nenggih,
Inkang Pada Bathara,

karan mangkono ku,
Dening ta Pada Bathara,
sarining cipta amisesa sayekti,
inggi Pada Bathara.

Datan aganal kalamun pinrih,
Pada Bathara tan wor ing agal,
miwah ing ala ayune,
Karana mangkono ku,
Dening Pada Bathara ugi,
Langgeng ingkang akarya,
jagade puniku,
Apan patine uripnya,
lan langgenge-orane manungsa iki,
apan aneng ing karsa.

Karsane Pada Bathara nenggi,
apan manungsa puniki uga,
sangkané miwah ulihe,
mangke ing tembenipun,
saking Pada Bathara ugi,
pinangkané duk ora,
manungsa puniku.”
Ngastuti malih Sang Parta,
”Dhuh pukulun pama manungsa puniki,
yen arsa ngawasena.

Ing Pada Bathara ingkang yekti,
upama kadi angganing wulan,
mimba padyaning wiyate,
wonten gatha tetelu;
wadha tiga punika ugi,
satunggal isi toya,
awening kalangkung,
wadha kang satunggalira,
isi toya aletuh toyanireki,
wadha kaping tiganya.



Kang tanpa isi toya satunggil,
sami kadulu dhateng kang wulan,
yekti wayangan wulane,
yen tumiba puniku,
ing wewadhah ingkang aisi,
toya wening punika,
nyata yen dinulu,
tetela rupaning wulan,
kang tumiba ing wewadhah ingkang isi,
toya letuh punika.

Wewayangan wulan kaeksi,
ingkang tumiba aneng wewadhah,
ingkang aletuh toyane,
sami katingalipun,
wewayangan wulan anenggih,
nanging datan tetela,
sabab toya letuh
wondene ingkang tumiba,
ing wewadhah ingkang tanpa isi warih,
tan wonten katingalan.

Saking boten wontenipun nenggih,
wewayanganing wulan punika,
dening wewadhah suwunge,
tanpa isi toyeku,
Mangka ing dumadi puniki,
ingkang minangka nyata,
ananing sukmeku,
ingkang tumiba ing wadhah,
toya wening tegese ingkang sujanmi,
rahajeng manahira.

Kang tetep puji bektinireki,
ing Bathara dene kang tumiba,
wewadhah letuh toyane,
manungsa kang puniku,

ingkang rago manahireki,
kang arep ora-ora,
mring penet puniku,
Wondene ingkang tumiba,
ing wewadhah ingkang tanpa isi warih,
manungsa kang mangkana.

Inggang mungkur Batharanireki,
kang marepaken maregi pangan,
kang aja kurang turune,
ywa towong sahwatipun,
nyandhang nganggo ywa kurang malih,
Wong kang mangkono uga,
sasat sato tuhu,
sato mani namanira,
tegesing sato mani puniku ugi,
sato wenang pinangan.

Karantene manungsa puniki,
boten kadi sami angulaha,
maring ing yoga bratane,
Ya ta malih amuwus,
Sang Arjuna malih ngastuti,
Pun Parta dhateng Pada,
Bathara satuhu,
katemu dening manungsa,
yen Pada Bathara kang nemtokken ugi,
punika sayektinya.

Kang menang lawan kaidhepneki,
Pada Bathara dening manungsa,
yen Bathara sayektine,
kang menangaken tuhu,
lan kaidhep tegese nenggih,
pukulun pan tan ana,
pangawasanipun,
ingkang kawula punika,

tarlen saking nJeng Pada Bathara ugi,
pinangkane punika.”

.....

Jarwanipun: wisesa, punika wonten Ingkang Misesa. Kawasa wonten Ingkang Ngawasani. Inggih punika Hyang Wisesa, inggih Hyang Pada Bathara. Boten nunggil ing agal, wadhag; utawi boten sipat, awon sae. Namung langgeng wontenipun. Inggih punika ingkang andumadosaken jagad saisinipun punika. Pejah gesanging manungsa, langgeng lan botenipun punika dumunung wonten karsaning Bathara. Sangkan-paraning manungsa, saking boten wonten ngantos wonten, lajeng boten wonten malih; punika saking karsaning Dewa.

Manungsa ingkang ngawasaken kajatening Dewa, punapa dene drajat, utawi kawontenaning manungsa, punika kaupamekaken: bathok bolu tiga, isi toya wening, isi toya butheg, sarta kothong. Kajatening Bathara punika kaupamekaken Surya. Bathok tiga wau manungsa. Ingkang isi toya bening, saged katingal cetha gegambaraning Surya. Ingkang isi toya butheg, gegambaraning Surya inggih bureng. Makaten malih ingkang kothong, gegambaraning Surya boten katingal babar pisan. Inggih makaten punika pepindhanipun kawontenaning manungsa. Mila manungsa punika perlu sanget ngolah yoga brata. Lampah manunggaling Kawula-Gusti, miturut marginipun piyambak-piyambak.

Kajawi punika nglaras lampahipun Sang Arjuna wonten ing Ima-Imantaka, kanthi Retna Supraba, punika kencing kalaras patraping semadi. Ngambah alam kaalusan: Ima-ima, teges pepeteng; taka, pejah. Mila kanthi Supraba, tegesipun: pepadhang linangkung. Mejahi Niwatakawaca, punika ngracut kawadhagan, utawi ngruntutakan kawadhagan, ngantos angsal kanugrahaning dewa. Makaten wau namung kasumanggakaken.

Serat AJI PAMASA ugi asring kapangandikaken. Kajawi ingkang sampun kapethik, wonten malih makaten:

”Wruhanana, ing samengko kaki Prabu,

sira wus kalilan,
among misesa ing bumi,
sawewengkon wengkunen kawikanana.

Lire iku, sira ja katungkul,
den amrih utama,
tumerahing wadya sami,
amimbaa wimbaning kang karaharjan.

Den lumintu, karya warsaneng rahayu,
yuwananing sedya,
supadya padha basuki,
isining rat yekti darbeking narendra.

Paran lamun, kongsia niring pamengku,
kuciwa ing jagad,
cinacad ing jawata di,
bebasane kainan yekti katunan.”

Sang Aprabu miyarsa nembah andheku,
alon aturira,
”Dhuh pukulun ingkang mugl,
asageda mimba ing reh Sang Bathara.”

Ngandika rum, Sang Hyang Naraddha pitutur,
”Heh ta yoganing wang,
dene ingkang Cundhamani,
yen pinesu ing budi dadi warastra.

Luwih agung, iku pangabaranipun,
saking ciptanira,
sarana muja semadi,
aja ingkang sudibyaning agni sara.

Nadyan kawruh, lamun pinarsudeng kalbu,
yekti nora kewran,
weruh ingkang awigati,
tan rekasa dadi ing sakarsanira.

Milanipun lestaria Sang Aprabu,
kadarmanireng tyas,
kang marta maratani,
ing Bawana." Sang Nata matur sandika.

Miturut wewarahipun Maharsi Naraddha wau, Prabu Aji Pamasa sampun kalilan ambawani bawana jumeneng ratu binathara, mardi utama, andadosaken karaharjan, karahayoning bawana, mbabar marta martani. Panunggilanipun malih makaten:

Sura dira jayaning rat,
kang wirot mirud dening tyas hening,
sarta awas lawan emut,
sanityaseng pamudya,
yen anemen kautaman kang tinemu,
nampani parmaning dewa,
luwange ing nguni-uni.

Inggang mantra kerep dipun ngendikani warni-warni. Inggih saged cetha isinipun Serat-serat Jawi ingkang wigatos. Suwau namung radi kraos iketaning ukara sae. Inggang isi yatmaka, sasaminipun. Sareng radi ngretos isinipun ingkang wigatos, saya sengsem ngraosaken serat Jawi, upaminipun: Serat Rama, Serat Menak. Punika isinipun ingkang wigatos, dede dedongenganipun ingkang sawarni nglempara, sayektosipun sesanggitanipun lelampahan, sarta anggenipun matrapaken wewaton: nistha, madya, utama, tuwin wewarahipun ingkang isi raos lebet. Saking keprananing manah, tuwin gending panuwunipun, panganggepipun ngantos kados anggeguru.

Mangsuli K.R.T. Dokter Wedyadiningrat, lajeng ngupadosi pangancasipun kadokteran. Inggang dipun siri wonten ing Paris. Ngantos nyambut damel wonten griya sakit tiga. Lajeng nyumerepi bedanipun Duitsche kaliyan Fransche Scholing ing padokteran.

Ing ngriku sawijining wekdal angalami lelampahan ingkang prasasat ambangun pamawasipun Gesangipun lair-batos. Ing wanci dalu dipun ajak pitepanganipun ningali komidhi, Dokter Rajiman awrat, amargi kathah padamelan. Ewa samanten mitu-

ruti. Nanging manawi sampun bibar, nedha mantuk. Wusana sabibaripun komidhi lajeng dipun ajak ningali tetinggalan sanes. Piyambakipun mopo, boten purun, amargi kala wau sumadosipun lajeng badhe mantuk. Wangsulaniipun mitranipun wau :

"Je bent toch geen 'maschine', die door een ander in regelmaat wordt gehouden, maar een mensch met een vrij willen en handelen, en niet altijd planmatig in zijn werken is." Jawinipun: Panjenengan punika dede mesin, ingkang kedah miturut kalampahaken kawontenan ing jawi, sayektosipun, panjenengan punika manungsa, mardika mardhi budi, pamikir miwah tumindakipun piyambak. Pitembungan makaten wau mranani raos-pangraos sanget.

Ewahing pamanggih sarta raos kepranan dening 'Voordracht'ipun Krisnamurti, manawi punika dipun wastani dereng cetha gatraniipun (wujud), ingkang mbabaraken cethaning gatra raos-pangraos (bewust wording), inggih punika pitembungan ing nginggil wau. Ing pangraosipun Dokter Rajiman tetela, manawi lelampahanipun satunggal-satunggalipun manungsa (individu) punika namung kedah madeg pribadi (individuele onafhankelijkheid). Dados tegesipun sampun ngantos kadaya ing liyan. Ing ngriku cihna gandhengipun panandhang rekaosing jiwa kaliyan raos-pangraosing 'aku' (ik bewustzijn).

Dados babaraning Kasidan Jati punika boten sanes namung sumerepiipun 'ik proces', sarta panandhanging rekaosipun jiwa punika baleronipun pamikir sarta raos-pangraosipun jiwa ingkang dipun tampeni kados dene pepeling, manawi nindakaken lelampahan ingkang peteng, tan weruh, ingkang namung manjing wonten ing 'aku'. Dados kenging ugi tinampen kados dene kanugrahan. Amargi manawi ngraos rekaosing jiwa punika namung gandheng kaliyan pun 'ik proces', babaranipun ing kasidan jati sareng sirnaning 'aku'. Pramila dokter Rajiman nedha medal saking pakempalan Theosopi sarta pakempalan Vrijmetselelij. Amargi kasanyatan punika boten saged kaesthi sesarengan. Namung lampahing 'aku' ing jiwa piyambak-piyambak ingkang saged anyirnakaken pun 'aku'.

Sambet kaliyan santunipun pamanggihipun Dokter Rajiman ing nginggil, rumaosipun Dokter Rajiman, rikala piyambaki-

pun saking Paris, dhateng Amerika nyumerepi kalangkungani-pun 'industrie' lan techniek, (kados ta:pabrik Ford,sarta pabrik Vleeschconcernen), sarta sanes-sanesipun, tedhasing kahanan ingkang makaten punika wau beda kaliyan pamawasipun kado-nyan saderengipun ngalami lelampahan ing Paris punika wau.

Wonten ing Eropah, nagari Welandi mirengaken 'openbare voordracht'-ipun Krisnamurti ing Omen, bab "Experience and Conduct, Ervaring en gedrag" punika mranani sanget dhateng Dokter Rajiman. Kala semanten nyumerepi pepanggihanipun Nyonya Annie Bessant, swargi biskop Leadbiater, kalih-kalihipun pinisepuhipun pakempalan Theosofie, kaliyan Krisnamurti. Antukipun dhateng pondhokan priyantun tiga wau sarengan nunggil montor.

K.R.T. Dokter Wedyadiningrat, sasampunipun saking Eropa ingkang kanton piyambak punika, saya katingal anggenipun migatosaken kabatosan, anjejeraken jumenenging Gesang, niti dhe-dhasaraning babandan, watesan, peksan, tuwin pamudharan, pu-napa dene babaranipun.

Gerahipun rematik kerep kimat, rumaos boten saged netepi samesthining kawajiban. Ngiras anglonggari papan pandamelan dokter, sanadyan kathah para pangageng ingkang nggondheli, meksa nyuwun pensiun. Wiwit wulan Pebruari 1936 kaparengaken pensiun. Lajeng pindhah dalem ing Tretes. Kathah ingkang badhe mahargya, awit saking rumaos kawratan sih-sutresna.

Bidhalipun kepeksa kapeksa nilapaken. Nanging manawi perlu taksih kerep katimbalan dhateng karaton, sarta nagari. Ngantos dipun tedhaki Sahandhap Sampeyan Dalem Ingkang Minulya saha Ingkang Wicaksana, Sampeyan Dalem Kangjeng Gusti Pangeran Adipati Harya Mangkunagara VII, sami sakalian Kangjeng Ratu. Sarta para luhur sanesipun, samunipun taksih kathah ingkang sami mbetahaken. Boten namung bab kedokteran, malah lajeng kadhawuhan niti politik kontrak prajanjian Dalem Nata kaliyan Gupermen, kanthi R.M. Mr. Raspiya, Wuryaningrat. Makaten labetipun K.R.T. Dokter Wedyadiningrat.



Gambar Pahargyan Pasamuan Bhiwaddha Mulya ing Panti Roga Ambikak Recanipun Dokter K.R.T. Wedyadiningrat.

17. BIWADDHA MULYA

Kathah para luhur, para tuwan-tuwan bangsa warni-warni, para mitra, pitepangan, sarta sanes-sanesipun sami cuwa sanget, boten saged nyumerepi bidhalipun K.R.T. Dokter Wedyadiningrat pindhah dalem dhateng Tretes. Amargi sidhem kemawon, malah sawarni nilapaken. Perlunipun sageda sami ambirat karentaning raos ingkang ngiket raos-pangraos lebet. Ewadene meksa taksih kathah ingkang karaos-raos. Ketang agenging sih sutresna. Badhe kawedharaken wonten pepanggihan piyambakan kemawon teka boten saged. Warni-warni panguda raosipun. Nanging boten wonten ingkang klintu tampi nganggep kirang prayogi, saking sampun sami mangretos panggalihan Wedyadiningrat.

Punapa-punapa punika kathah lerekipun kaliyan larasing kabatosan. Mila anggenipun sawarni nilapaken, sesidheman tanpa pariwara wau kathah ingkang nampeni: sih-sinihan ingkang dhedhasar sih-sutresna estu, punika langkung wigatos, sageda tumanem ing batos sayektos. Lairipun, babaranipun, kawedharipun, punika badhe saged katingal piyambak cetha wela-wela kados pundi kawontenanipun. Nanging sarehning raos-pangraosipun para sadherek kathah punika warni-warni, wonten ingkang lerem ing pangarem-arem, utawi boten. (kaca 80). Saking rosanipun raos sih-sutresna ingkang nglimputi para sadherek kathah, meksa kababar, kawedhar dados kalegaan.

Kangjeng Raden Tumenggung Mr. Wangsanagara lajeng rembagan kaliyan kula ngwontenaken dhapukan panitia (komite) dados, nama : "BIWADDHA MULYA", mengeti lelabetanipun: K.R.T. Dokter Wedyadiningrat ingkang pantes kamulyakaken. Ategès: ngleluri kasaenan, kautaman, ngluhuraken kamulyanipun.

Pangarsa: K.R.T. Wangsanagara.

Panitra Hartaka: R.M. Ng. Purwasastra.

Para Warga utawi para warga pambantu karya: R.T. Dr. Nitipura, Mudha Pangarsa : R.M. Ng. Purwasastra.

Pembantu Panitra : R.M. Ng. Sastrawaluya, R. Ng. Nitihusada,

R. Ngt. Martadarsana (Supromi).
 Pembantu Hartaka : Tuwan G.A.N. Beurs Gewestl
 Sekretaris : Tuwan E. Moodij, Tuwan Nyo Joe Tik,
 R. Katibwinong, R. Suteja, R. Ng. Yasa-
 widagda, Tuwan Achmad-Awab-Songkar,
 Tuwan Gan Kok Soen, R. Wangsadinama.

Golonging rembag, sarta lajeng katindakaken, pengetan le-
 labetan Wedyadiningratan wau kawujudaken:

1. Reca marmer pethak wedalan ing Eropah, damelanipun
 Nyonyah A. Brandts Bijs van Zijp., tukang reca misuwur, mitra
 darma Wedyadiningratan. Sakalangkung awig pakirtyanipun,
 miturut gagrag enggal. Nglintoni wragading pandamel namung
 f300,- kapasang katanem ing kagungan Dalem Panti-Roga, ing
 ngemper ngajengan, antawisipun konten tengah kaliyan wetan,
 mawi pahargyan sawatawis. Jejeneng Dalem ingkang mbikak
 tutuping reca: Bandara Kangjeng Pangeran Harya Mataram.
 Pepatih Dalem Kangjeng Pangeran Harya Adipati Jayanagara
 ugi rawuh. Para luhur sawatawis. Para tuwan Walandi, siyansing,
 par mitra darma, antawisipun satusan.

Mawi sesorah Pangarsa. K.R.M.T. Mr. Wangsanagara, ngandhara-
 ken: wontenipun dhapukan Panitia Biwaddha Mulya, punika per-
 lu kangge nelakaken pamangsuling sutresnanipun para mitra dar-
 ma sagedipun sih-sinihan. Anggenipun mulyakaken lelabetan uta-
 mi wau ngrosakaken kepareng Dalem Sahandhap Sampeyan Da-
 lem Ingkang Minulya saha Ingkang Wicaksana, sarta keparengipun
 nagari, ugi maringi pratandha lelabetan: Bintang Sri Kabadya,
 sapiturtipun.

Lajeng kasambetan pratelanipun Dokter Raden Muhamad
 Saleh Mangundiharja ingkang kacalonaken nggentosi Wedyadining-
 ratan, ngandharaken bakunipun, namung nglajengaken rancangan
 Wedyadiningratan. Namung bab cak-cakanipun beda, miturut
 cak-cakanipun piyambak-piyambak. Wosipun: Kajawi bab kadok-
 teran, pangreksaning kasarasan, punika sageda dados pangreksa
 pangayomaning kawula ing praja karaton Dalem saestu, anjun-
 jung ing kaluhuran.

Salajengipun mawi pasamuwan sawatawis, wonten ing Habi-

Praya, katangguhaken taksih salebeting wanci kalal bi kalal. Ingkang dhateng para warga antawis kalihbelahan. Tata-ning lelenggahan sasekecanipun. Mawi segahan ceklen, nanging penen-penen. Lelangenipun beksan: Panji-Bogis, B.R.M. Sunarsa, putranipun pangarsa; Rara Sutarmi M. Atm. Dutadilaga, anggolek.

Sadaya wau namung kangge nelakaken sih-sinihan.

2. Ngwontenaken Pengetan lelampahan Wedyadiningratan ingkang mesi lelabetan. Ingkang kabebahan ngarang, Panitra Hartaka, salajengipun kacithak, kaaturaken para warga Biwaddha Mulya. Rerigenipun kapasrahaken Yasawidagdan sarta pangarang.

Panindakipun angwontenaken Pengetan Lelabetan Wedyadiningratan warni tiga wau ngengeti sanget prelu reksa-rumeksa ing sadayanipun, sageda nelakaken babaring sih-sutresna sayektos. Mila namung damel wara-wara kemawon, boten mawi pratelan urunan. Ewadene ingkang ambiyantu wonten antawisipun satus sewidak.

Urunanipun arta, nyekapi kangge wragad Pengetan Lelabetan :

1. Reca.
2. kangge pahargyan lan pasamuhan.

Dene pengetan Lelampahan ingkang mesi Lelabetan, katin-dakaken mawi rerigen.

Pahargyan sarta pasamuhan angsal urunan kadarman Dalem Niyaga, tledhek pasindhen, wiraswara, sarta musik.

Mangkunagaran maringi arta f50,-. Para luhur sanesipun ugi kat-hah ingkang paring urunan sakaparengipun, ngantos kasembadan pikajenganipun dhapukan Panitya Biwaddha Mulya, saking bar-kah pangestu tuwin pambiyantunipun para ngleluri tepa-palupi utami ambabar karahayon.

Dene pratelah ringkesan lebet-wedaling arta kados ing ngan-dhap punika.

Pambiyantu urunan arta saking para luhur, priyantun tuwin para mitra, miturut pethuk panampi Seri ABCD sarta E wonten 163 (satus sewidak tiga) sadherek, gunggunging arta sadaya wonten f552,25 (ganasalatus seket kalih rupiyah, selangkung sen). f 552,25 Tumanya: wragad damel reca f300,- (tigangatus rupiyah) f 300,-



Rara Sutarmi M. Atm. Dutadilaga, umur nem tahun.

Wragad panindaking Panitya, pados seserepan pandameling Babad, dhateng para ingkang saged paring seserepan ing pundi-pundi panggenan. Sarta wragad pangrembag pandameling reca, nuweni wongsal-wangsul dumugi dados f 82,30 (wolungdasa kalih rupiyah, ti-gangdasa sen) f 82,30

Wragad pahargyan pambikaking reca ing Panti Roga, sarta pasamuhan ing Habi Praya, f155,40 (satus seket gangsal rupiah, kawandasa sen) f 155,40

Wragad damel kalise Wedyadiningratan tumrap ing babad f 14,55 (kawanwelas rupiah, seket gangsal sen) f 14,55

f 552,25 f 552,25

Wragad ngecap Babad, sarta tirahaning Serat Babad ingkang tumrap para warga ingkang sami paring pambiyantu, kapasraha-ken Raden Mas Ngabehi Dutadilaga. Rahayu Sagung Dumadi.

MILIK KEPUSTAKAAN
DIREKTORAT TRADISI
DITJEN NBSF DEPBUDPAR



Gambar: K.R.T. Dokter Wedyadiningrat mantu wonten ing Tretes.
Dhaupipun: R.L. Siswati angsal R.M. Mr. Widodo Sastraningrat.



 PN BALAI PUSTAKA — JAKARTA

